ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№36 (22.694) ● 2014 гъэм мазаем (февралым) и 27, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Парламент Ассоциацэм и конференцыр къызэIуах

Пщэдей Ингуш Республикэм къыщызэIуах Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм и VI конференцыр. Абы хэтщ КъБР-м законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и лIыкIуэхэу Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар зи пашэр.

ПАРЛАМЕНТ Ассоциацэр щыз эхыхьар техуац юбилей пIальэм - Ингуш Республикэм и Конституцэмрэ Цыхубэ зэхуэсыкIэм ильэс 20 щрикъум. А гуфIэгъэ пIальэхэм ехьэлIауэ нобэ республикэм щрагъэкIуэкI дауэдапщэхэм КъБР-м и Парламентым и депутатхэр хэтынущ.

Конференцым Iуэхугъуэ куэд къыщаIэтынущ. КъБР-м и Парламентым, Дагъыстэн Республикэм и Цыхубэ Зэхуэсым, Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм и Парламентым, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Цыхубэ Зэхуэсым (Парламентым), Шэшэн Республикэм и Парламентым, Ставрополь краим и Думэм я лIыкIуэхэм я мурадщ зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуэхэм, щыналъэ законодательствэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхуэхэм, властым и федерацIэм и органхэм зэрадзлажьэм тепсэльыхьыну.

- Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм и мыхьэнэр къэзыIэтхэм ящыщщ абы и зэIущIэхэм субъект псоми я зэхуэдэ Iуэхуэхэр къызэрыщаIэтыр. Сэ къызэрысльытэмкIэ, Ассоциацэм дяпэкIи и кьалэн нэхъыщхьэу щытыпху мис а Iуэхуэхэр дэгъэкIыныжкIэ хэжIыпIэхэр къэльыхьэнырщ. Парламентхэм я зэдэлажьэныгъэм и мыхьэнэр кьыпкъуэмыпытэныжьхуэризу инщ. Дэ ди лэжьэкIэр зэрыщэхуэтIуатэм кьыдэкIуэу, законхэр къэщтэныжкIэ жэрдэмхэр зэщыгъуу пхыдогъэкI. Абы папщIэ, адрей Iэмалхэм кьадэкIуэу, зыкъэфащэ тхьогъэхэмкIэ Урысей Федерацэм и къэрал власть нэхъыщхьэм и органхэм захудогъаэ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар. Апхуэдэу абы кьиргъэлъэгъуащ федерацэм хыхьэ субъектхэм я зэныбжьэгъуэр гъэбыдэныжкIи Ассоциацэр сэбэп зэрыхьур, абы лъэпкь куэд щыпсэу Урысейм, хэхаущ къапщтэмэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэрилэр.

Кавказ Ищхьэрэ Парламент Ассоциацэм хеубыдэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щIыналъэ псоми я парламентхэр. А зэгухьэныгъэм и кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ законхэр къыдэзыгъэкI органхэм я зэрIэкIыр зэгъэуIуныр, абыхэм я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэныр, къэралым хабзэм, демократием, парламентаризмэм зыщегъэужьыныр.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапэм и унафэщI.

Иджы Паралимп Джэгуэум я мафIэр

Гъатхэпэм и 7 - 16-хэм Сочэ щекIуэкIыну ЩIымахуэ Паралимп Джэгуэм я мафIэр зэIэпахынущ щIыхь миным щIигъум. Дыгъуасэ ар кьыщрахьэжьащ Дежневым и щIыналъэм.

«Спортсменхэм я мызакъуэу, мафIэр къэралым кIуэцIрызыхьнухэм яхэтынущ пщIэ зиIэ жылагъуэ лэжьакIуэхэри, артист цIэрыIуэхэри», - жиIащ Урысейм и Паралимп комитетым и секретарь нэхъыщхьэ Терентьев Михаил.

Паралимп Джэгуэум я мафIэр мы гъэм щыщIэдзауэ дахэнчыж Великобританием и Сток-Мандевиль кьалэмэ. МафIэр зыкIуэцIрахьну щIыпIэхэм Сток-Мандевиль щIыхагъэхьар зи узынщагъэм сэкъат иIэхэм я зэхьэзэхуэхэр кьыщежьар а кьалэрауэ кьалъытэри араш; ныкъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъхэм еIэзэ дохутыр Гутман Людвиг 1948 гъэм абы щриГъэкIуэкIат зи Iэ-зи лъы кьыздэмыбгхэм я зэпеуэхэр.

Къэралым и кьалэ 45-м «щыхьэщIэнур» мафIэр гъатхэпэм и 5-м Сочэ нэсынущ.

Лъэныкъуэхэр зэгурымыIуэмэ

США-м и президент Обамэ Баракрэ Афганистаным и Iэтащхьэ Карзай Хьэмидрэ телефонкIэ зэпсалъащ.

Щынагъуэншагъэр кьызэгъэпщынным теухуа лъэныкъуитI зэгурыIуэныгъэм Iэтрамыдзэмэ, Америкэм и дзэхэр кьанэ щымыIэу 2014 гъэм и кIэм а къэралым кьриплъыжьну зэримурадыр кьыхигъэщащ Обамэ. Апхуэдэу щытми, «Къэралхэр зэгурыIуэмэ, Вашингтон хьэзырщ США-м и чэнджэщэгъуэр инструктору зы бжыгъэ гуэр Афганистаным щылэжьэну кьыхуигъэнэну», - жаIащ Уиз Хуэным и къулыкъущIэхэм.

Кхъухьхэм кьащыщIыр сыт?

Индием и «Синдуратна» псыщIагъырыкIуэ кхъуэхьым мафIэс кьыщыхьури, и кIуэцIыр Iугъуэм зэщIищтащ. Абы щыгъуэм кхъуэхьр Мумбаи щиIэ баззм кидометр щэ ныкъуэкIэ нэхьыжьыр хэтащ.

ЗэрыжаIамкIэ, кхъуэхьр зэман кIыхькIэ зэрагъэпэщыжри, тенджызым япэу хыхьэжауэ арат, Iэщи зэкIэ ильтэкъым. Абы щIыхуэ исар папщэмэ зэкIэ зэIубзкъым, ау хьдэзIхэм ящыщу блыр Iугъуэм игъэмэхауэ сымаджэщым яшэн хуей хъуащ, офицеритI ягъуэтыжыркъым.

Индием и дзэ-тенджыз къарухэм иджы ебланэрэ апхуэдэ кьыщохъу иужьрей мазиблым кьриубыдэу. Псалъэм папщIэ, нэгъабэ и щыщхьэуIум «Синдуракшак» псыщIагъырыкIуэ кхъуэхьм мафIэс кьыщыхьури, я псы Iуфэм деж щыщIилъэфауэ щытат. Ау кхъэхъукъащIэ щынагъуэм хэкIуэдат абы иса щIыхь 18-ри.

«Ди кхъуэхьхэм я лажьэр сыт?» - апхуэдэу щIэпщIэр дзэ кьулыкъущIэхэм я закъэкъым. ЦIыху кьызэрыгуэкIхэри хуейщ абы и жэуапыр ящIэну.

Лъэныкъуэхэр зэгурымыIуэмэ

США-м и президент Обамэ Баракрэ Афганистаным и Iэтащхьэ Карзай Хьэмидрэ телефонкIэ зэпсалъащ.

Щынагъуэншагъэр кьызэгъэпщынным теухуа лъэныкъуитI зэгурыIуэныгъэм Iэтрамыдзэмэ, Америкэм и дзэхэр кьанэ щымыIэу 2014 гъэм и кIэм а къэралым кьриплъыжьну зэримурадыр кьыхигъэщащ Обамэ. Апхуэдэу щытми, «Къэралхэр зэгурыIуэмэ, Вашингтон хьэзырщ США-м и чэнджэщэгъуэр инструктору зы бжыгъэ гуэр Афганистаным щылэжьэну кьыхуигъэнэну», - жаIащ Уиз Хуэным и къулыкъущIэхэм.

НОБЭ

◆ **Ингуш Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

◆ 1919 гъэм щIыхуэм и макьыр яп дыдэу радиом кьыIуэкIащ. Ар къыщыхьуар Новгород Ищхьэрэ къаэрщ.

◆ 1945 гъэм **Мэсей Асльэнджэрий** Совет Союзым и ЛIыхъужь щIэр кьыфIащащ.

◆ Мазаем и 27 - гъатхэпэм и 1-хэм Красноярск щекIуэкIынущ «Урысей: зыужьныгъэм и хэкIыпIэщIэхэр» зыфIаща экономикэ зэхуэсышхуэр. Ар прагъэкIуэкI Уф-м и Правительствэм и жэрдэмкIэ.

◆ Шэрджэс сурэтыщI **Мэзукъобз Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

◆ Уэрэджыа IакIуэ щIэрыIуэ, Урысей Федерацэмрэ КъШР-мрэ я щIыхь зиIэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Гъуэт Хьусин** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

◆ Шапсигъэм я жылагъуэ парламентым и Iэтащхьэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент **КIэкIыхьу Мэжид** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

◆ Къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и Правительствэм и Унафэщ **КIумпIыл Мурат** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градуси 2 - 4 щыхьынущ.

Зыгъэхьазырыр
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариет.

● Хъыбар гуапэ

Газетым и зэфIэкI

Тэрч районым къыщыдэкI «Терек-1» район газетыр (редактор нэхъыщхьэр Бесльэней Владимирщ) урысейпсо саугъэтым и лауреат зэрыхъуам и щыхьэту, мы махуэхэм Москва къикIыну щытхъу тхыльэ къыIэрыхьащ.

«Зи лэжьыгъэкIэ псоми яфIэкI компание» фIэщыгъэ зиIэ дамыгъэр къыбгъэдэкIащ Урысейпсо саугъэтхэмкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым.

Лауреат хъуахэм саугъэтхэр кьыщратыжыну зэIущIэшхуэр мэпыжьыхьым и 3-м Москва, Уф-м и Президентым и Iуэхуэр зегъэкIуэнымкIэ управленэм и «Президент-Отель» хьэщIэщ комплексым щыIэхэтынущ. Дауэдапщэм хэтынущ Уф-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр.

Саугъэтым щыгъуу лауреатхэм кьратынущ щIыхуб дамыгъэ, щыхьэт тхылъ. Апхуэдэу лауреатхэм хунтынигъэ яIэнущ кьызыгъэфащэ фIэщыгъэхэр рекламэ хуэIухуэщIэхэм хунту кьыщагъэсэбэпыну.

Къэрал гулъытэ зыгъэтхэр ирагъэблагъэнущ мэпыжьыхьым и 14 - 16-хэм Швейцарием и Женевэ кьалэм щекIуэкIыну IV дунейпсо бизнесзэIущIэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Пщэрыль

Нэхущ Заурбий УФ-м и Жылагъуэ палатэм ягъакIуэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм зимыгъэзу зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Урысейм и Жылагъуэ палатэр къызэрызэгъэпэщыпхьэм теухуауэ щыIэ федеральнэ законодательствэхэм хальхьа зэхъуэкIыныгъэм - къэралым и хэгъэгу псоми я лIыкIуэхэр абы хэтын эрыхуейм - ишкъ иткIэ, ди республикэм кьыбгъэдэкI лIыкIуэр зэIущIэм щыхахащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкьан зэрыжиIамкIэ, республикэм и лIыкIуэм куэд елытауэ щытынущ: Урысей Федерацэмэ, ди хэгъэгуми я жылагъуэм я гупсысэр зыунэтIхэм ящыщ зы хьуфынущ ар. Палатэм и комиссэхэм щыIэу зыбжанэ кьыгъэлъэгуат: Нэхущ Заурбий, Сэхъурокъуэ Хьэутий, Целоусов Анриэ сымэ. Сэхъурокъуэ Хьэутий Iуэхум кьыхэкIащ, Нэхущ Заурбий нэхъ зэрыхуигъэфащэр жиIэри. IэIэт «щэхум» кьрикIуахэр зэхалъхьжри, УФ-м и Жылагъуэ палатэм КъБР-м къыбгъэдэкIыу Нэхущ Заурбий ягъэкIуэну зэраухылIащ.

* * *

НЭХУЩ Заурбий Бахьсэн куейм хыхьэ Жэнхьуэтекъуэ къуажэм 1943 гъэм къыщалъхуащ. Вольт лъахъшэ аппаратурэмкIэ Тырныауз дэт заводым лэжьэн щыщIидзащ. 1962 - 1965 гъэхэм дзэм къулыкъу щиIащ. Абы къикIыжри, вольфрам-молибден къыщыщIах заводым щыIащ.

1966 гъэм КъБКъУ-м и агроном кьудамэм щIэтIысхьэри, ар екъулIэныгъэкIэ къыхащ. «Налшык» совхозым щылажьэу гу къыльатэри, КПСС-м и Бахьсэн райкомым и мэкъумэш кьудамэм и унафэщIу ягъэкIуащ. Кьэбэрдей-Балькъэр АССР-м и Къэрал агропромышленнэ комитетым - парткомым и секретару, КПСС-м и Бахьсэн райкомым и яп э секретару, Бахьсэн щIыналъэм и депутатхэм я щIыпIэ советым и унафэщIу лэжьащ. 1992 гъэм Кьэбэрдей-Балькъэрым и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ кьалэныр кьыхуагъэфащэ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым депутату хахащ икIи КъБР-м и Парламентым и яп э зэхьхьэм РеспубликэмкIэ и Советым и Унафэщым и комиссиэ. Абы хэтынущ: Урысейм и бюджетнэ зэхущытыкIэхэр гъэтэмэныным, политикэм кьыщыхьуа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, контролэм кьыздэгъуэкIэ, щIыхухэм я хунтыныгъэр хъумэным ехьэлIауэ.

Нэхущ Заурбий яхэтащ Кьэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я Парламентхэм я Совет кьызэзыгъэпэщахэм. КъБР-м и жылагъуэ-политикэ гъащIэм ар сыт щыгъуи жьыдкэру хэтащ. 2000 - 2006 гъэхэм ар Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу лэжьащ.

Урысейм и Парламентым и зыужьныгъэм ильэс куэдкIэ зэрыхуэлэжьам, республикэм и къэрал кьулыкъущIапIэхэм зэрыщыIам папщIэ 2000 гъэм Нэхущым «ЩIыхь орден» кьратащ, 2003 гъэм Кьэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым кьыбгъэдэкIыу ЩIыхь тхьилъ кьыхуагъэфэщащ.

XXII Щымахуэ Олимп Джэгуэхэр тхьидэм хохьэ. Мазаем и 23-м ахэр Сочэ щызэхуащIыжащ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыIыгъ цIыхухэм я лэжьапщIэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэм я улахуэхэмрэ я IуэхуитIэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм кьыдэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ №47-УП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыIыгъ цIыхухэм я лэжьапщIэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Iэнатlэм хиубыдэ къулыкъухэр зыIыгъ цIыхухэм ират мазэ лэжьапщIэмрэ хэгъэхъуэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2012 гъэм щыщхьэуIум и 16-м кьыдигъэкIа Указ №117-УГ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъухэр зыIыгъхэм я лэжьапщIэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан Iэнатlэм хиубыдэ къулыкъухэр зыIыгъ цIыхухэм ират мазэ лэжьапщIэмрэ хэгъэхъуэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м кьыдигъэкIа Указ №167-УГ-м кьагъэув Iуэхуэхэр къэлыатауэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кьулыкъухэр зыIыгъ цIыхухэм я лэжьапщIэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэм я улахуэхэмрэ я Iуэхуитlэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм кьыдэкIа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ №47-УП-м мы къэкIэлъыкIуэр зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 12-м и «в» пункт кьуэдзэр мы къэкIэлъыкIэм хуэдэу къэхьын:

«в) мазэ кьэс хущIагъу ахьшэр (илъэсым тещIыхьауэ): Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и яп э кьуэдзэм

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и кьуэдзэм	9977	3,8
Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и кьуэдзэм	9786	3,8
Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и Iуэхуэхэр зезыгъакIуэм	8746	3,8
Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и дзэпыкIуэгъуэм	7986	3,3
Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и чэнджэщэгъуэм	7986	3,3
Кьудамэм и унафэщIым	7986	3,3
Секторым и унафэщIым	6464	4,0
Кьудамэм хиубыдэ секторым и унафэщIым	6464	4,0
Консультантым	6431	4,0
IэщIагъэлI пажэм	4865	5,0
IэщIагъэлI-эксперт пажэм	4865	5,5
IэщIагъэлI-экспертым	4731	5,5
IэщIагъэлI нэхъыжьым	3994	5,5»

2. Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын мы Указыр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр кьыдэригъэпэщыну.

3. Мы Указым кьаргуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ икIи абы и кьаргуэ ятхуэу 2014 гъэм щыщыIым и 1-м щегъэжьауэ зэтеувэ хабзэ щытыкIэхэм.

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIальэкIэ зыгъэзащIэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мазаем и 13-м
№50-УГ

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «6» пунктым ипкъ иткIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министру гъэувын Щыхьмырзэ Мукьэмэд Музэчыр и къуэр.

2. Мы Указым кьаргуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIальэкIэ зыгъэзащIэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мазаем и 26-м
№61-УГ

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIым и Iуэхукlэ

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «6» пунктым ипкъ иткIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIу гъэувын Дроздов Игорь Петр и къуэр.

2. Мы Указым кьаргуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIальэкIэ зыгъэзащIэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мазаем и 26-м
№62-УГ

«Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэр зыIыгъ цIыхухэм я лэжьапщIэмрэ Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущIэхэм я улахуэхэмрэ я Iуэхукlэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм кьыдэкIа Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ №47-УП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 12-м и «в» пункт кьуэдзэр мы къэкIэлъыкIэм хуэдэу къэхьын:

«в) мазэ кьэс хущIагъу ахьшэр (илъэсым тещIыхьауэ): Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и яп э кьуэдзэм

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и кьуэдзэм	9977	3,8
Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и кьуэдзэм	9786	3,8
Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и Iуэхуэхэр зезыгъакIуэм	8746	3,8
Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и дзэпыкIуэгъуэм	7986	3,3
Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж зэпымыуэу щыIэм и чэнджэщэгъуэм	7986	3,3
Кьудамэм и унафэщIым	7986	3,3
Секторым и унафэщIым	6464	4,0
Кьудамэм хиубыдэ секторым и унафэщIым	6464	4,0
Консультантым	6431	4,0
IэщIагъэлI пажэм	4865	5,0
IэщIагъэлI-эксперт пажэм	4865	5,5
IэщIагъэлI-экспертым	4731	5,5
IэщIагъэлI нэхъыжьым	3994	5,5»

2. Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуэгъэувын мы Указыр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр кьыдэригъэпэщыну.

3. Мы Указым кьаргуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ икIи абы и кьаргуэ ятхуэу 2014 гъэм щыщыIым и 1-м щегъэжьауэ зэтеувэ хабзэ щытыкIэхэм.

Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIальэкIэ зыгъэзащIэ
КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм мазаем и 13-м
№50-УГ

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Дзыгъуэ нэпсейр шэм етхьэлэ.

● Бахъсэн щIыналъэ

Зи IэщIагъэкIэ нэхъыфIхэр

Бахъсэн районым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и зи чэзу сессием «Зи ЩIагъэкIэ нэхъыфI-2013» зэпеуэм кьрикIуар щыIэхьалъхьащ.

УНЭТIЫНЫГЪИ 8-м - егъэджэныгъэм, медицинэм, спортым, муниципальнэ кьулыкъущIапIэм, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм, мэкъумэш IэнатIэм, щIыпIэ самоуправленэм, хабзэхъумэ Iуэхуэщапlэхэм - щытекIуахэр ягъэбелджылащ. Абыхэм дэтхэнэми щIыхь тхылъэр ахъшэ саугъэту сом мин 30-рэ иратащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Бахъсэн щIыналъэ

Зи IэщIагъэкIэ нэхъыфIхэр

Бахъсэн районым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и Советым и зи чэзу сессием «Зи ЩIагъэкIэ нэхъыфI-2013» зэпеуэм кьрикIуар щыIэхьалъхьащ.

УНЭТIЫНЫГЪИ 8-м - егъэджэныгъэм, медицинэм, спортым, муниципальнэ кьулыкъущIапIэм, хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм, мэкъумэш IэнатIэм, щIыпIэ самоуправленэм, хабзэхъумэ Iуэхуэщапlэхэм - щытекIуахэр ягъэбелджылащ. Абыхэм дэтхэнэми щIыхь тхылъэр ахъшэ саугъэту сом мин 30-рэ иратащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Егъэджэныгъэ

Къэралпсо Iуэхур яублэ

Хабзэ хьауэ, УФ-м и Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм гъэкъэс мыпхуэдэ зэманым кьыхельхьэ «Илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэр къэралым щегъэжьауэ кIыпхьэу. Мы махуэхэм дэнэки щыщIадзэ зэхьеэхуэм и щIыпIэ Iыхьэхэм.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и егъэджакIуэ пашэхэри, илъэс кьэси хуэдэу, мы гъэми хэтщ а къэралпсо зэпеуэм. Налшык къалэ щыпIэ administрацием и пресс-Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ Уянаевэ Заринэ хъыбар кьызэрыдигъэщамкIэ, мазаем и 25-м Налшык щаублащ егъэджакIуэ нэхъыфIхэр щыз эпеуэ щыпIэ Iыхьэр. Абы хэтынущ егъэджакIуэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм зи Iуэху зехьэхIэкIэ щыпэрыт, Налшык и курыт школхэм я лэжьакIуэ 28-рэ. Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэкIэ зэпеуа, абгъэдэльщIэныгъэр, зэфIэкIхэр кьагъэлъэгъуа нэужь, лэжьакIуэ нэхъыфIхэр белджылы кьащIынущ. Апхуэдэ щыкIэкIэ кьыхахынущ «ЕгъэджакIуэ нэхъыфI», «Класс унафэщI нэхъыфI», «Программэм и лейуэ сабийхэм ядэлажь егъэджакIуэ нэхъыфI», «Школ унафэщIым Iэгъэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и кьуэдзэ нэхъыфI», «Соцпедагог нэхъыфI», «Педагог-психолог нэхъыфI» щIэхэр 2014 гъэм ди деж нэхъ зыщIыхуэфащэхэр.

ЕгъэджакIуэхэм я кьалэ зэпеуэм щытекIуахэр науэ я кьэхъунущ гъатхэпэм и 20-м. Фигу кьэдгъэкIыжынущ. 2013 гъэм Налшык кьалэм и егъэджакIуэ нэхъыфIу кьалъытауэ щытащ курыт школ №11-м урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Шурдым Заринэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Си еджапІэ - си къежьапІэ

● Зыуэ щыт къэрал экзамен

Къэпщытэныгъэхэр къоблагъэ

Егъэджэныгъэм и фІагъыр къыщапщытэ республикэ центрым иджыблагъэ щыІэхэтащ Зыуэ щыт къэрал экзаменыр 2014 гъэм дэ республикэм щегъэжьагъэу КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм къыхэрагъэнэщащ лэжьакІуэ гуп хэхам и унафэщІ **Фыро Руслан зэІуІэр къыщызІуихыным кІыхьитІыщащ утыку кІрахьа Іуэхугъуэм ди щІыпІэм гулытэ хэха зэрыщыхуащІыр икІи абы хэт дэтхэнэм и дежкІи ар жэуапльныгъэшхэу зышылъ кІалэну зэрыщытыр. А къэрал экзаменым пыщІа лэжьыгъэхэр КъБР-м и Правительствэм, абы хэт псоми мы зэманым кІапэщылъ Іуэхугъуэ нэхъ инхэм зэращыщыр кІыхьигъэщащ.

АдэкІэ абы псалъэ иритащ КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Емуэ Нинэ**. Зыуэ щыт къэрал экзаменым республикэм нобэкІэ щІэ щытыкІэр, ар тэмэму егъэкІуэкІын папщІэ лэжьыпхъэхэр къыщыгъэлъэгъуащ абы и къэсэлъэныгъэм.

- Зыуэ щыт къэрал экзаменым кІыхьхьа хабзэщІэхэм мы лъэхъэнэм хуабжьу иропЕйитей кІуэт школыр къэзыуухэрэ абыхэм я адэ-анэхэри, - жиІащ министрым. - А Іуэхугъуэ псори хуэгъэпсащ къэпщытэныгъэхэр къызыхуэтыншэу, хабзэ ублэхуэм тету егъэкІуэкІы-ным. БлэкІа зэманым кІуриубыдэу ЕГЭ-р кІыхьитеКІа «лъагъуэм» тегъэхьжьныр къытпэщылъ кІалэнхэм я нэхъыщхьэщ. Къэпщытэныгъэм хэт дэтхэнэм и дежкІи ар кІыхьэгъэпэщыпхъэщ фІы кІыхьуджКІуэ хуэдэу. Апхуэдэу ЕГЭ-р щыхъуфынур ар пэжу, зІуХуаэу, хьилагъэ лъэпкъ хэмылъ едгъэжКІуэжКІмэщ. Дэтхэнэ ныбжьыщІэми лъэпощхьэпрагъэхьэнухъмкІ жыг телефонхэр, нэгъэущІ электрон Іэмэпсымэхэр. Абы ехьэлІауэ ахэр щІыхьэпІэм тКІийуэ къыщапщытэнущ. Экзаменым пыщІа лэжьыгъэ псори къыдэгъэпэщыным хуХахыр федеральнэ мылькыщ. Абы хэтхъм республикэ ахъыш, щІыпІэ мылькуи, адэ-анэхэм къабгъэдэкІ зы соми. Министрым кІыхьигъэщащ республикэм ЕГЭ-мкІэ сайт къыэрыщыгъэІуахар, апхуэдэу мэлажь телефон «пщтырыр». Ахэр къагъэсэбэпу, цІыхухэм зыпащІэфынущ абы и къызэгъэпэщакІуэхэм, кІэлъыплъакІуэхэм. ЕГЭ-м екъэлІа къызэрапщытэ материалхэр (КИМ) абы и пэ къихуэу жылагъуэм щІызэбгрымыкІыным хуэгъэза Іуэхугъуэщ Іэхэр хэльынущ мыгъэрей экзаменхэм. Апхуэдэу КИМ-хэр экзаменхэр щекІуэкІыну щІыпІэхэм связь хэхакІэ ар щІидзным сыхьэт бжыгъэ ебзыхьжКІа иІэущ зэрыІэрагъэхьэнур.

Емузым къыхигъэщащ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІ федеральнэ къулыкъущІапІэм и ЛыкІуэхэр, федеральнэ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэр 2014 гъэм ЕГЭ-р щекІуэкІыну щІыпІэ къэс зэрыщылэжьэнур, апхуэдэуи экзаменыр зэрызэхэт Іыхьэхэм ящыщу «С»-р ди республикэм ирахыу, нэгъэущ щІыпоупчІэ къыгъэрыщащыгъэнур, кІынэмыщІауэ, балл льагъэ (81-м щІигъу) зыхуаГъэфащэ лэжьыгъэхэм мызэмыТІэу зэрыхэплъхьынур.

ЗэІуІэм щытепсэлъыхьащ къэпщытэныгъэм хэтынухэр зыгъэпІейтей нэгъэущІ упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэми. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми жэуап пыухыкІа-хэр ирагащ лэжьакІуэ гупым хэтхэм.

ЕкІуэкІа лэжьигъэр къыщызэІпикъуэжьым, министрым къыхигъэщащ ЕГЭ-р сабийм щколым щилэжьа Іуэхухэм, щызыІэрригъэхьофа щІэныгъэхэм я хъеРу зэрыщытыр. НыбжьыщІэм бгъэдэлъ зэфІэкІыр нэсу къигъэлъэгъуэфын папщІэ, пэжыр, хабзэр зи лъабжьэ Іэмалхэр къыхуэзгъэпэщыныр ар егъэкІуэкІыныр зи пщэрылъ ІэщІагъэлІхэм я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытри игъэбелджылащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.

● Фэеплъ

Къытщіэхьуэ щІэблэр лІыгъэм, хахуагъэм я щапхъэхэм щІэпыкІыным, зэпхъным я цІыху пажэхэр я гъащІэ гъуэгуэу, хэкупсэу къэгъэтэджыным мыхьэнэшхуэ щрат Дол Хьэсэнбий и цІэр зэрихьэу Хьэтуей жылэм дэт курыт школым (унафэщІыр Дол Светлана). Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм щыхьэт техьуэ зэхьихьэ гуапэ иджыблагъэ щекІуэкІащ еджапІэм. Ар техуэауэ щытащ советыцэхэр Афганистанрым къызэрырашыжрэ илъэс 29-рэ зэрырикъум.

ЛІыхъужьхэр ящыгъупщэркъым

ШКОЛЫМ зэІущІэ куэд щекІуэкІащ тхыдэм къыхэна а махуэшхуэм епхауэ. Абыхэм я мурад нэхъыщхьэр еджакІуэхэр ди тхыдэм щыщ Афган зауэм нэхъыфІу щыгъуазэ хуэщІынырт, я Хэкур фІыуэ ялъагъуу къегъэхъунырт. Абы екъэлІауэ, псом ящрэауэ, классыкъэ кІыщыщэрагъэпэщащ «Хэкіуэдахэм я фэеплым дыхуэпэжщ» дерс зэІуХахэр. Абыхэм щагъэльагъуащ Афган зауэр къызыхэщыщ фильмхэр, абы теуХуауэ щыІэ дэфтэрхэм, сурэтхэм ящыщ куэди гъэльэгъуэныгъэ щхьэхуэу ябзыхуат.

«Афган зауэм и усыгъэ» - арат зэреджэр 5 - 7-нэ классым щеджэхэр щызэпеуа зэхьихьэр. Ар кІыхьэригъэпэщащ урысббзэмрэ литературэмрэ школым щезыгъэджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Сльон Замирэ.** Апхуэдэу, фэеплъ махуэшхуэр ягъэльапІэу, зэІущІэ гъэщІэгъуэнхэр иеджакІуэхэм 5 - 9-нэ классхэм. Класс унафэщІхэу **Кьанло Риммэ, Кьуэдзокьуэ Іэсият, ХьэщІэлІ Еленэ, Іэщнокьуэ Іэсият, Бесчокьуэ Еленэ** сымэ гуп щхьэхуэхэм къыщызэрагъэпэщащ «Афганистан - гуМ имыхуж щыналъэ», «Ди гущІэр ноби кьоузыкІ», «Псэм и уІэгъэ» фІэщыгъэхэр зиІа зэхуэзэхэр. Абыхэм ныбжьыщІэхэр къыщежджащ зауэм, щхьэхуитныгъэм, лІыгъэм, хахуагъэм ятеуХуа усэхэм, хэкупсэ уэрэдхэр жаІащ. ЕджакІуэхэу Бищіо Миланэ, Кьуэдзокьуэ Беслъэн сымэ тепсэлъыхьащ ди кьуажэм щыщу Афган зауэм хэта зауэлІхэм. Тохъу Линэ кьиІуэтэжа хъыбарыр теуХуат и Іыхьлы Истэпан Славик Хьэсбий и къуэм. А адыгэ щаІэр лІыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу щызэхуэу Іуэхуитныгъэм. Куэдым гунэс ящыхьуащ 6-нэ классым щеджэ Нэпсокьуэ Миленэ къызэджа усэр. Ар теуХуат Афган зауэм и ветеран Бетрожь Валерэ Мусэ и къуэм. А лІыхъужьым школакІуэхэр щыхуэзащ махуэшхуэм и щІыхькІэ школым къыщызэрагъэпэща фэепль пшыхьым.

Цыху куэд кьрихьэлІат а зэхуэсым. ЗэІущІэм и жэрдэмщІакІуэт тхыдэмкІэ егъэджакІуэ **Щоджэн Маринэ**. Абыр и гъэсэнхэмрэ нэмыщІ, пшыхьым кьекІуэлІащ класс нэхъыжьхэм щІэс ныбжьыщІэхэр, абыхэм я егъэджакІуэхэр, еджапІэм и унафэщІхэр. ПщІэ хуащІу зэхуэсым кьрагъэблэгъа, Афган зауэм и ветеран Бетрожь Валерэ Мусэ и къуэм зэхуэсым и жьантІэр лъагъэсат.

«Зэуэным зыри кьыхуигъэщІакьым» фІэщыгъэм щІэта пшыхьыр иригъэкІуэкІащ 10-нэ «Б» классым щеджэ Дзыхьмыщ Мадинэ. Абыи зэхуэсым хэта адрей ныбжьыщІэхэми къызэхуэсахэм ягу кьагъэжьыжащ а лъыгъажэм и напэкІуэщІ хьэльхэхэр, апхуэдэу усэхэм кьеджащ, зауэм теуХуа уэрэдхэр жаІащ. Бетрожь Валерэ школакІуэхэм ядэгугъэщащ Афган зауэм пыща и гукъэкІыжхэмкІэ.

- Ди Хэкум кьалэн кьытщищІахэр дгъэзащІэу, дэ, совет щалэхэр, ди псэ нэхъыфІщ жыдмыІэу дыщыІэзэащ хамэщІ жыжьэм. ПсэзэпылъхьэпІэм дыщита куэдрэ кьэхьуащ, гъунэгъу лъэпкым и щхьэхуитныгъэр хьумэным зи гъащІэр тыхь хуэзыщІахэри нэхъыбжьэт... - жиІащ зауэлІым. - Дауэ мыхьуми, дэ дгъэзэщІащ пщэрылъ кьытхуащІа кьалэнхэр, кьикІуэт димыІэу, лІыгъэрэ хахуагъэрэ тхэлъу. КьытщІэхьуэ щІэблэр фикьыкІуэдджэ фыщалъхуа щыналъэр, ди Хэку иныр фІыуэ фльагъуну, абы и кьыщхьэщыжакІуэу, и хьумакІуэу дапщэщи фыщытыну.

КупщІафІэу, хьэлэмэту, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ иІэу екІуэкІащ зэхуэсхэр. Абыхэм ирихьэлІэу школакІуэхэм кьыдагъэкІащ Афган зауэм теуХуа блын газет зэмылІэужьыгъуэхэр. «МыкІыжуІэгъэ», «Зауэмрэ щІалэгъуэмрэ», «Афган зауэм и джэрпэджэжхэр», «Зауэм теуХуа ди гукъэкІыжхэр», «Ди гум имыкІ уэ» фІэщыгъэхэр зиІэ блын газетхэр ягъэхьэзыращ пэщІэдзэ классхэм я егъэжакІуэхэмрэ абыхэм я гъэсэнхэмрэ, школым щылажьэ «Журналист ныбжьыщІэ» гупжьейм екІуэлІэхэмрэ класс нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм хэт ныбжьыщІэхэмрэ.

Афган зауэр зэриухрэ илъэс 25-рэ щрикъум ирихьэлІэу школым щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм я кІуэт 10 - 11-нэ классхэм щІэс щІалэгъуалэр волейбольмкІэ щызэпеуа спорт зэхьэзэхэхэр. Физкультурэр школым щезыгъджхэу **Тохъу Аслъэн, БищІо Лиуан, Тохъу Мартин** сымэ кьыдзэгъэщІэ турнирым зыкьригъэхьэлІащ ДОСААФ-м и Лэскэн кьудамэм и унафэщІ Дзыхьмыщ Мартин. Зэпеуэм епльащ егъэджакІуэхэри, еджакІуэхэри, школым кьрагъэблэгъа хьэщІэ лъапІэхэри. ХьэлэмэтУ екІуэкІа зэхьэзэхэхэм ящэ увыпІэр кьыщихьащ 11-нэ «Б» классым, етІуанэ хьуащ 11-нэ «А»-р, ещанэр лъысащ 10-нэ «Б»-м щеджэ ныбжьыщІэхэм.

Фэепль махуэм хуэгъэпса класс, классщІыб, спорт зэхьихьэхэм я кІэухыу хьэщІэхэм школакІуэ цыкІыухэм, абыхэм я унэтІакІуэ егъэджакІуэхэм фІыщІэ ин хуащІа а фэепль махуэм апхуэдэ гулытэшхуэ зэрыхуащІам папщІэ икІи къыхагъэщащ а зэхуэсым гъэсэныгъэ-ушиныгъэ мыхьэнэшхуэ зэрэІэр. ИужькІэ ныбжьыщІэхэм сурэтхэр зытрагъэхащ Афган зауэм и ветеранхэм я гъуэсэу.

ГЪУКІАКЪУЭ Мадинэ,
Дол Хьэсэнбий и цІэр зэрихьэу Хьэтуей къуажэм дэт курыт школым и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къудэз.
Лэскэн район

●УнэтІыныгъэхэр

Технологиещ1эхэр къагъэсэбэп

Тэрч районым и егъэджакІуэхэм я дэжьыгъэм щэщІауэ къыщагъэсэбэп хъыбарегъащІэ технологиещІэхэр. ЩІыпІэм хьыхьэ жылэхэм дэт курыт школхэм иджыблагъэ къыщыхалъхьащ ІэмэпсымэщІэхэр дерсхэм къызэрыщагъэсэбэп щІыпІэ-щІыпІэ ныкІэхэмкІэ зэпеуэ. Абыкіэ хъыбар дигъэщІащ Тэрч щІыналъэм и администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ КІуантІэ Замирэ.

ІуэХУМ и жэрдэмщІакІуэ хъущ егъэджэныгъэмкІэ куей Іэнатіэм и хъыбарегъащІэ-методикэ центрыр, Іэнатіэм и унафэщІ **Семэн Аскэр** зэрыжиІэмкІэ, зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэр технологиещІэхэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхум куууэ хэпщІынырщ.

ЕгъэджакІуэхэр зэпеуэнущ унэтІныныгъэхэм щІабжанэкІэ. Апхуэдэхэщ, кьабгъэльагъуэмэ, Технологиещ1эхэр нэхъыфІу къыщыгъэсэбэпа дерсыр», «ЕгъэджэныгъэкІ сайт-портфолио нэхъыфІ», нэгъэущІхэр. Кьинэмыщ1ауэ, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэм и uoterek. narod.ru сайтым щекІуэкІыну Интернет Іэ1этымкІэ ягъэбелджылынущ нэгъэущІ егъэджакІуэ пашэхэри.

ТАМБИЙ Инэ.
Тэрч район

Напэкіуэцыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛІАСЭ Маритэщ.

● Дэ кьытхуатх

Зи Іэщ1агъэм хуэ1эижь

Аруан районым и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІэхэм ящыщщ зи Іэщ1агъэм хуэ1эижь, ильэс 30-м щІигъуауэ абы ирилажьэ Бищіо (Вэроскъуэ) Ларисэ.

БищІо Ларисэ

ЛАРИСЭ Нарткъалэ къыщалъхуащ. Абы и адэр пасэу дунейм ехыжри, и анэм дэІэпыкъуэгъуэшхуэ хуэхъуащ и шыпхъу, дэлъху ДыкІуэхэр пІынымкІэ. Унагъуэм щиІэ къалэнхэм тэмэму зэрыпэльэщым къыдэкІуэу, хъыдэжбэым еджэнми гулъытэшхуэ хуищІыфырт. Ар хуабжьу дихьэхырт химиемкІ.

Курыт еджапІэр 1978 гъэм хъарзынэу кьиуха нэужь, Ларисэ мурад ищІащ химиемкІ нэхъ куууэ хуеджэну икІи и тхьилъхэр КъБКъУ-м иритащ. Курыт школым щІэныгъэ лъабжьэрІ щызыгъэтІылъа пщащэр ехуэлІэныгъэкІэ псыкІащ зэрыщІэтІысхьэ къэпщытэныгъэхэм якІи ди республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм и студент хъуащ. Еджакъым къыдэкІуэу жылагъуэ лэжьыгъэхэри зыгъэзэщІа, университетым щеІуэкІ Іуэхугъуэхэми жыдджэру хэта Ларисэ 1983 гъэм ар кьиухащ. Абы и ятІонэрэ лъэпкъыгъэ лъэбакъуэхэр щичащ. - Уэ щІэныгъэ кьоузыта егъэджакІуэхэм уабгъурыуныбзу дерхэр щыпткІэ, абыхэм уахуэфабы и къызэгъэпэщакІуэхэм, кІэлъыплъакІуэхэм. ЕГЭ-м екъэлІа къызэрапщытэ материалхэр (КИМ) абы и пэ кьихуэу жылагъуэм щызэбгрымыкІыным хуэгъэза Іуэхугъуэщ Іэхэр хэльынущ мыгъэрей экзаменхэм. Апхуэдэу КИМ-хэр экзаменхэр щекІуэкІыну щІыпІэхэм связь хэхакІэ ар щІидзным сыхьэт бжыгъэ ебзыхьжКІа иІэущ зэрыІэрагъэхьэнур.

Емузым кьыхигъэщащ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм кІэлъыплъынымкІ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и ЛыкІуэхэр, федеральнэ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэр 2014 гъэм ЕГЭ-р щекІуэкІыну щІыпІэ къэс зэрыщылэжьэнур, апхуэдэуи экзаменыр зэрызэхэт Іыхьэхэм ящыщу «С»-р ди республикэм ирахыу, нэгъэущ щІыпоупчІэ къыгъэрыщащыгъэнур, кІынэмыщІауэ, балл льагъэ (81-м щІигъу) зыхуаГъэфащэ лэжьыгъэхэм мызэмыТІэу зэрыхэплъхьынур.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ къэпщытэныгъэм хэтынухэр зыгъэпІейтей нэгъэущІ упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэми. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми жэуап пыухыкІахэр ирагащ лэжьакІуэ гупым хэтхэм.

ЕкІуэкІа лэжьигъэр къыщызэІпикъуэжьым, министрым къыхигъэщащ ЕГЭ-р сабийм щколым щилэжьа Іуэхухэм, щызыІэрригъэхьофа щІэныгъэхэм я хъеРу зэрыщытыр. НыбжьыщІэм бгъэдэлъ зэфІэкІыр нэсу кьигъэлъэгъуэфын папщІэ, пэжыр, хабзэр зи лъабжьэ Іэмалхэр къыхуэзгъэпэщыныр ар егъэкІуэкІыныр зи пщэрылъ Іэщ1агъэлІхэм я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытри игъэбелджылащ.

НЫБЭЖЬ Таисэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и методикэ пэрытхэр зи лэжьыгъэм къыщызыгъэсэбэп лэжьакІуэ Іэкіуэльакіуэм апхуэдэу и гъэсэнхэр дрегъэхъэхыф и предметым. Профильнэ егъэджэныгъэ мардэм тет ныбжьыкІэхэм абы химиер нэхъ куууэ щаregъэдж. Ларисэ и гъэсэнхэм яхэтщ химиемкІэ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм жыджэру хэт, абы екъуЛІэныгъэфІхэр къыщызыгъэльагъуэ ныбжьыщІэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, илъэс зэхуэмыдэхэм екІуэкІа район, республикэ химие олимпиадэхэм увыпІэ ящыщ зыхьхьахэу Зозуля Владимир, Левченко Екатеринэ, Бажэ Каринэ сымэ, нэгъэущІхэр.

БищІом зэфІих лэжьыгъэфІхэм къыпэкІуащ гупым, еджакІуэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм я дежкІ щІэ пщІэ лъагэри, егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэхэм кьабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьилъхэри. Абы кьрата щІыхь тхьилъхэм яхэльщ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, абы и нэІэм щІэту лажьэ Республикэ эколого-биологие центрым, Аруан районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм кьабгъэдэкІахэр.

Унагъуэ дахи иухащ бзылъхугъэм. Абырэ и щхьэгъусэ БищІо Русланрэ быныфІ кьащІэхъуащ. Я къуэ Залым диплом плъыжькІэ 2010 гъэм кьиухащ Бизнесымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтыр, Москва дэт Финанс-промышленнэ академиер. Абыхэм япхуэ Заринэ КъБКъУ-м и математикэ факультетыр диплом плъыжькІэ кьиухащ 2011 гъэм.

Фым хуэлажьэ, Іэужь дахэ зиІэ егъэджакІуэ Іэ3эм и екъуЛІэныгъэхэм хигъахъуэ зэпыту, узынщагъэрэ унагъуэ насыпрэ щымыщІэу псэуну ди гуапэщ.

ПЩЫХЬЭЩІЭ Хьэмэт.
Аруан район

Психологхэр зочэнджэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр бизнес-инкубаторым иджыблагъэ щекІуэкІащ зэІущІэ хьэлэмэт. Республикэм и курыт школхэм я психологхэр зэчэнджэщащ егъэджакІуэхэм, еджакІуэ цыкІухэм я псантхуэ щытыкІэр, яку дАлъ зэхущытыкІэхэр нэхъри егъэфІэкІуа зэрыхьунымкІэ.

● ЗэІущІэхэр

ЕДЖАПІЭХЭМ щытепщэ психологие зэхущытыкІэр зыкъомкІэ зэлъыта Іэщ1агъэлІхэм а унэтІныныгъэм гулъытэ хэха щыхуащІам щхьэусыгъуэ иІэщ. ГъащІэм, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм къыхьхьэ Іуэхугъуэщхэм жылагъэм щызекІуэ хъыбар зэмылІэужьыгъэхэм щызекІуэ хъыбар зэмылІэужьыгъэ-ушиныгъэ мыхьэнэшхуэ зэрэІэр. ИужькІэ ныбжьыщІэхэм сурэтхэр зытрагъэхащ Афган зауэм и ветеранхэм я гъуэсэу.

ГЪУКІАКЪУЭ Мадинэ,
Дол Хьэсэнбий и цІэр зэрихьэу Хьэтуей къуажэм дэт курыт школым и унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къудэз.
Лэскэн район

● ЗэІущІэхэр

нэр зэрыиныр. Быныныр ар къэзылъхуахэмрэ яку дэлъыпхъэщ дзыхь, лъагъуныгъэ, шыІэныгъэ. Балигъэм гулытэшхуэ хуащІын хуейщ сабийм и дэтхэнэ махуэрэ зэрыиныр, чэнджэщэгъэ хъууэ. Техникэмрэ технологие пэрытхэмрэ ягъуэта зыужьыныгъэшхуэм иджырей щІэблэр «гъэр» ящІри, гъащІэм пэжыжьэу, «дунейпсо бзджьыхьым» илъэхьауэ я дунейр ирагъэхь. Апхуэдэ «щхьэхуимытныгъэм» сабийр къыщІэхьыпхъэщ. Абы щхьэкІэ абы хуэнабдзэгубдзапльэу щытын хуейщ, ящрауэ, и адэ-анэр, етІуанэрауэ, абы и гъащІэм и Іыхьэ щІэнэр щигъакІуэ школым и «гъэр» ящІри, гъащІэм пэжыжьэу, «дунейпсо бзджьыхьым» ильэхьауэ я дунейр ирагъэхь. Апхуэдэ «щхьэхуимытныгъэм» сабийр къыщІэхьыпхъэщ. Абы щхьэкІэ абы хуэнабдзэгубдзапльэу щытын хуейщ, ящрауэ, и адэ-анэр, етІуанэрауэ, абы и гъащІэм и Іыхьэ щІэнэр щигъакІуэ школым и Іэщ1агъэлІхэр, класс унафэщІхэр, психологхэр.

Зи узынщагъэм сэкъат иІэ сабийхэр школым зэрыхуэгъэхьэзырыпхъэм теуХуауэ зэІущІэм ссым щыжжа Іэпори кьызэщІэзыкьуэжа Ефэнды Ритэ.

КЪАРДЭН Маритэ.
Напшык къалэ

Экономикэ · Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ

• Гу зылъытапхъэ

Зауэм и бынхэр

Къэрал Думэм щIалъхьащ Хэку зауэшхуэм и зэманым зи сабиигъуэр хиубыдахэм я статусым теухуа хабзэгъэув проект.

УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкIэ и министерствэм къитахэм ятепщIыхьмэ, мы зэманым Урысейм щопсэу «зауэм и бынкIэ» зэджэ цIыху мелуан 13-м нэблагъэ. Абыхэм ящыщу мелуанитIым щIигъум льготэ гуэри яIэкъым. Адрейхэм зыгуэрхэр яIэщ: тылым щылэжьащ, никъуэдыкъуэхэщ, н. къ. Ди къэралым и щIыналъэ 15-рщ зауэм и бынхэм льготэ псори щратыр.

Къэрал Думэр хэплъагъэххэщ мыпхуэдэ проект зыбжанэм. Иджыблагъэ депутат Тарнавский Александр «Хэку зауэшхуэм и бынхэм» я статусыр аргуэру зыубзыху нэгъуэщI зы проект къыхилъхьащ.

- Зауэм и бынхэрщ, - жиIащ депутатым, - зауэм щызэрахьа хьэкIэкхъуэкIагъэхэр зи нэгу щIэкIауэ псэууэ къэнэжахэр. Сабийуэ, мэжэщIалIэхэу, щыгъыныджэхэу, лъапцIэхэу бэлыхь псори ягъэващ икIи я адэ-анэхэм я нэIэ къатемыту къэхъуащ.

Проектым къызэщIеубыдэ 1928 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м къыщыщIэдзауэ 1945 гъэм фокIадэм и 3-м нэс къалъхуахэр икIи Хэку зауэшхуэм и зэманым балигъыпIэ иувауэ щымытахэр. Хабзэм и проектым къыщыгъэлъэгъуакъым а цIыхухэм ахъшэ, нэгъуэщI субсидие лIэужьыгъуэкIэ къэралыр къадэIэпыкъун хуейуэ. Хабзэм и проектым щагъэбелджылар зауэм и бынхэм я статусыр ягъэувын къудейрщ, я пщIэмрэ щIыхьымрэ щыубзыхуауэ.

ЖытIэнщи, зауэм и бынхэм ятеухуа хабзэ Украинэм щолажьэ 2006 гъэм къыщыщIэдзауэ. Абы къызэщIеубыдэ транспортым и лIэужьыгъуэ псомкIи пщIэншэу къэкIухьынымкIэ хуитыныгъэр, ЖКХ-м и Iуэхутхьэбзэхэм щIатым Iыхьэ плIанэ хукIэрагъэхуныр, н.къ. ХагъэщIа Германием контрибуцэ ипшынащ, нэмыцэIуэхэм щаIыгъахэм ахъшэ иратащ, зауэм и бынхэм ятеухуа хабзэ щагъэуващ. Мы зэманым абыхэм ФРГ-м яхуэфэщэн пенсэ щрат.

Къыхэгъэщын хуейщ языныкъуэ урысей щIыналъэхэм зауэм и бынхэм я статус зэрыщагъэувам и мызакъуэу, мылъкукIи зэрыщадэIэпыкъур. Псалъэм и хьэтыркIэ, щIышылэм и 1-м Иркутск областым къару щигъуэтащ, «Хэку зауэшхуэм и бынхэу Иркутск областым щыпсэухэм я статусым и IуэхукIэ» законым. Ар ехьэлIащ 1928 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м къыщыщIэдзауэ 1945 фокIадэм и 3-м нэс къалъхуахэм. Мазэ къэс апхуэдэхэм сом 400-м нэблагъэ ират, абы къыдэкIуэуи социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зыщIэ къэрал IуэхущIапIэхэм чэзуушэу щIыхьэфынущ, медицинэ дэIэпыкъуныгъи иратынущ.

БОГДАНОВ Владимир.
«Российская газета»

• Къэугъэхэр

Хэт зи «лIыхъужьыр?»

ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министру щыта Сердюков Анатолий егъэщIылIауэ зэуэ аргуэру къэугъитI къэхьеящ. ЯпэщIыкIэ ар Урысейм и лIыхъужьу къалъытащ, иужькIэ парламентым абы занщIэу щхьэщихащ Хэкум епцIыжауэ зэрагъэкъуаншэр.

МАЗАЕМ и 10-м наIуэ хъуа хъыбарым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2012 гъэм и гъатхэпэм Медведевым (ар а зэманым президентт) и указ щэху къыдэкIащ Сердюковым «Урысейм и ЛIыхъужь» цIэр фIэщыным теухуауэ. Дыщэ Вагъуэр ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и коллегием щратауэ жаIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ хуэфащэ пщIэ хуащIащ министрым УрысеидзэмзэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным хуищIа хэлъхьэныгъэм. Абы и гъусэу «вагъуэ» иратащ Штаб нэхъыщхьэм и унафэщI Макаров Николай. Зи гугъу тщIы хъыбарыр мыпэж хуэдэу занщIэу жаIащ. Премьер Медведевым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье зытригъэхьакъым: «Апхуэдэ щыIакъым». Ауэ псом япэу пэжыр сэтей къэзыщIар езы Макаровырщ: ар «вагъуэ» хэлъу гупым къахыхьащ.

Махуищ нэхъ дэмыкIыу - мазаем и 13-м - Къэрал Думэм Конституцэ законодательствэмрэ къэрал ухуэкIэмкIэ и комитетым депутатхэм чэнджэщ яритащ Сердюковым и лэжьыгъар зыхуэдар зэхэгъэкIыным Парламентыр хэмыхьэну. Зэрызыхуагъазэм Iэ щIадзащ депутат-коммунисту 84-мрэ эсеру 19-мрэ. Псори зэхэту 103-м. Хабзэм ипкъ иткIэ, мыпхуэдэхэм депутат 90-м Iэ щIадзмэ ирокъу. Комитетым и унафэщI Плигин В. тегъэщIапIэ ищIащ «Iуэхур зэхэзыгъэкIхэм мы лэжьыгъэшхуэр зэфIагъэкIыну Iэмал иратын зэрыхуейр».

Къыхалъхьам къэугъэшхуэ къытехъеикIащ: зы лъэныкъуэкIэ, дамыIыгъыу хъуркъым, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ - ууей хебгъэлъэфэну шынагъуэщ, итIанэ уэри къыплъэIэсынкIэ хъунущи.

УнафэщI партым и Iэтащхьэр иджырей премьерырщ. Аращ Сердюковым къыдэщIри. Ауэ иригъэлеяти, иужьрейр трагъэкIащ. Уголовнэ Iуэху къудей къаIэтауэ аращ. Щыхуей дыдэм и деж ар зэхуащIыжынкIи е къагъэбати хъунущ.

КРЕСТЬЯНИНОВ Виктор.
«Аргументы недели»

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

• Ингуш Республикэ

Езыхэм я благъэхэр

Ингушым щапэщIоувэ зи Iыхьлыхэр «зэзышэлIэну» зыфIэфI къулыкъущIэхэм. Республикэм и Iэтащхьэм абы и нэIэ тригъэкIыркъым.

ЩIЫНАЛЪЭМ и Iэтащхьэм и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Горчханов Мусса хэIущIыIу ищIащ мы Iуэхум и щытыкIэр къызэрапщытам кърикIуахэр. Зи лэжьакIуэхэр IыхьлыгъэкIэ унафэщIхэм щапыщIа IэнатIэхэу 299-рэ къыщIагъэщащ.

- Уи Iыхьлы лэжьакIуэу къэпщтэныр щIэпхъаджагъэу щыткъым,- жеIэ Евкуровым, - ауэ зи IэщIагъэм нэхъ кууэ хэзыщIыкIыр къэбгъанэу абы и пIэ уи нэфI зыщыхуар ибгъэувэныр къемызэгъщ.

- Министерствэхэм я унафэщIхэм къагурыIуэн хуейщ езыхэм я бынхэм ефIэкIыу лэжьыгъэр зэфIэзыгъэкIыфыну нэгъуэщI IэщIагъэлIхэри зэрыщыIэр. Диплом плъыжь зыхуагъэфэща ныбжьыщIэ куэдым ди деж IэнатIэ щагъуэтыркъым. Абыхэм яIэкъым лэжьапIэ зыгъэувын, дэзыгъэкIуеин. Мы зэманым дэ апхуэдэ цIыху 600-м хуэдизым IэнатIэ еттыфынут, гъуэгу ирату щытамэ, - пищащ абы.

Ингуш Республикэм и Iэтащхьэм и IуэхущIапIэм зэрыщыжаIамкIэ, «Iыхьлитыр» я IэнатIэм IуагъэкIащ, адрей 297-м къагъэлъагъуэн хуейщ зыпэрыт лэжьыгъэм зэрыпэлъэщыр.

КОЛЕСНИКОВЭ Наталье.
«Аргументы и факты»

• Хабзэхэр

Бэзэгу пхьынумэ, къеблагъэ!

Къэралым нэхъыфIу щалъагъу мэхъу бзэгузехьэхэр. Иджы апхуэдэхэр сыт и лъэныкъуэкIи ягъэгушхуэ: хъыбар езыгъащIэхэм ахъшэ ират. Мы Iуэхум хашащ «дзыхь зэрыхуащI телефон» зэмылIэужьыгъуэхэри, «къэкIуахэм я шыфэлIыфэр» зратхэ тхылъхэри, уеблэмэ «цIыхухъухэм ятеухуа тхылъ фIыцIэхэри». Бзэгу ирагъэхьыну, хьэмэрэ цIыхугъэкIэ я пщэ къыдэхуэ къалэныр ирагъэгъэзэщIэну ара? Ар щхьэж и напэм къызэрыригъэзэгъщ.

Дэнэ здэщыIэр нэхэр?

МОСКВА хуабжьу щощакIуэ налог ямыту цIыхухэр зи фэтэрхэм щIэзыгъэсхэм. Щыхьэрым и полицэм ибзыщIыркъым гъунэгъу набдзэгубдзаплъэхэр къадэIэпыкъуу «хабзэр зэфIагъэувэжыным» зэрыщыгугъыр: унэ куэдым я щIыхьэпIэ къэс нэхъыжьхэр - абыхэм я нэхъыбэр зыщIэн зымыгъуэт икIи я зэш зэрызытрагъэун къэзылъыхъуэ пенсионерхэрщ - щыIэщ. Абы къыдэкIуэу, илъэсищ и пэкIэ къалащхьэм къыщызэIуахащ жылагъуэм хабзэр хъумэнымкIэ и IуэхущIапIэу 500. Абыхэм я унафэщIхэр участкэ инспекторхэм телефонкIэ япыщIащ. Ахэр къызэIузыхахэр щогугъ хабзэр къызэпызыудхэр апхуэдэ щIыкIэкIэ нэхъ тыншу сэтей къащIыну.

- Совет лъэхъэнэми Урысей пащтыхьыгъуэм и зэманми властхэр зэи пылъакъым псэупIэр бэджэнду зытхэм налог къыIахыну, - жеIэ юрист Воробьёв Андрей. - Полицэр апхуэдэ Iуэху мыхьэнэншэ щIыхашэн щымыIэу къалъытэрт. Апхуэдэ псэупIэхэр зытхэм я нэхъыбэр нэгъуэщI хэхъуапIэ гуэри зимыIэ жьыкIэфэкIэхэрщ. Иджыри къэс дунейм и къэралхэм я зэхуэдитIым бэджэнду фэтэрыр зытым налог къыщыIахыркъым. Сыт хуэдэу щымытами, къуэдыхэр судым и Iизыныншэу тралъхьэ хъунукъым. Ауэ Урысейм щызэфIэувэр нэгъуэщIщ: бзэгу зыхь гъунэгъухэм я «набдзэгубдзаплъагъэр» къагъэсэбэп полицейхэм, налогхэхэм. Ахэр къетхьэкъу мэхъу.

Налог кодексым ипкъ иткIэ, уэ налог декларацэ узэримыIэр илъэсищкIэ уигу къагъэкIыж. ФIэбгъэкIа дэтхэнэ махуэми хуэзэу къуэды птын хуейщ. Ахъшэр сом мини 100-м щIигъуамэ, уголовнэ Iуэху къаIэтынкIэ хъунущ. Уигу къызыхуэплъа уи гъунэгъум ухурикъун папщIэ IэмалыфIкъэ? Псом хуэмыдэу Iуэхур къэрал политикэм хуэкIуамэ?

2013 гъэм и мэлыжьыхьым Путин Владимир Iэ тридзащ урысей къулыкъущIэхэм мылъку зэрызралъэфалIэмкIэ хъыбар езыгъащIэхэр къэралым и къыщхьэщыжыныгъэм щIэгъэувэным теухуа унафэм. Пэжщ, мыр зылъэIэсыр властхэм нахуэу захуэзыгъэзахэрщ. Ауэ Къэрал Думэм Коррупцэм пэщIэтынымкIэ и комитетым щытопсэлъыхь апхуэдэ цIыхухэм ахъшэ ират зэрыхъунум.

Коррупцэм пэщIэтынымкIэ Лъэпкъ комитетым и унафэщI Кабанов Кирилл и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, хъыбарыр пэжу къыщIэкIмэ, ар къезыгъэщIам ахъшэ иритыну ирахулIэ хъунущ... езы дыгъуар! Къапщтэмэ, США-м куэд щIауэ апхуэдэ хабзэ къыщокIуэкI: хъыбар езыгъащIэм лъагъэс Iулъхьэ къеIызыхам къэралыр зэретхьэкъу ахъшэм и проценти 10-р. Иджыблагъэ а ахъшэр зыхуэдизын хуей мардэ псори ягъэкIуэдыжащ (нэхъапэм сом мелуани 3-м хуэдизым щIигъу хъунутэкъым).

АрщхьэкIэ Урысейм зэкIэ пыухыкIауэ зыри щыжаIэркъым ахъшэр зэрыхъун хуейм теухуауэ. «Коррупцэм пэщIэтын: лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIын хуей зэман» докладыр 2014 гъэм и мазаем зыгъэхьэзырахэм къыхалъхьэ мылъку зэхэзыдыгъуэхэр Хэкум епцIыжахэм хуагъэдэну, абыхэм къаугъуеяр къытрахыну. Депутатхэм апхуэдэу къыхураджэ хъыбар езыгъащIэхэмрэ бзэгузезыхьэхэмрэ зэхуамыгъэдэну.

Ауэ аращ нэхъ гугъу дыдэр. Пэжщ, зэ еплъыгъуэкIэ сыт Iейуэ хэлъыр афиян зыщэмрэ Iулъхьэ къеIызыхымрэ ятеухуа хъыбар егъэщIэным? Ауэ цIыхухэм властхэм дзыхь хуащIу къыщIэкIынукъым. Блогхэмрэ журналист тхыгъэхэмрэ сыт хуэдиз хъыбар хэбгъуэтэну! КъулыкъущIэхэм мылъкур къызэраугъуея щIыкIэри къыщыгъэлъэгъуауэ! АрщхьэкIэ къэпщытэныгъэхэри ирагъэкIуэкIакъым, уголовнэ Iуэхухэри къаIэтакъым.

Я зэш трагъэурт

УРЫСЕЙМ бзэгу зехьэным къару щрагъэгъуэтащ пасэу - Калита Иван и зэманым. Пщыхэм езыхэм я блыгущIэтхэм пщэрылъ щащIат пщышхуэм пэщIэувэну тегушхуэ дэтхэнэми теухуа хъыбархэу зыщыгъуазэ хъуахэр лъагъэIэсыну! 1649 гъэм ягъэува хабзэм ипкъ иткIэ, властыр зыIэщIэлъхэм я бийуэ зэрызыкъаIэтынум зыгуэр хэзыщIыкI дэтхэнэри щхьэпылъэ ящIырт, хъыбар ирамыгъащIэмэ. Петр Езанэм и зэманым абы хуэгъэза IуэхущIапIэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщащ. АрщхьэкIэ Екатеринэ ЕтIуанэм «щэху» псалъэр а IуэхущIапIэм и цIэм хигъэкIащ: мыхьэнэншэкIэ бзэгу зыхьхэр куэдыIуэ хъуагъэнут...

Сталиным и зэманым щэхуу бзэгу яхь хъуащ. Я нэхъыбэм пэжыр зэхагъэкIыртэкъым: уи гъунэгъум уригъэгъэтIысынкIэ хъунут, узыщIэс пэшыр зыIэригъэхьэн папщIэ.

- Бзэгу зыхьхэр гъэгушхуэн и лъэныкъуэкIэ дэ КъухьэпIэр щапхъэу къыщытхуагъэлъагъуэкIэ, - жеIэ юрист Александров Борис, - Iуэхум къыхалъытэркъым ди тхыдэр къызэрекIуэкIари, лъэпкъхэр зыхуэдэри.

КъызэрабжамкIэ, урысей компаниехэм я процент 22-м (хамэ къэралхэм я процент 45-м) кърагъэзэгъ я лэжьэгъухэм ятеухуауэ бзэгу яхьыныр.

- Бзэгур зэзэмызэщ IуэхущIапIэм и шынагъуэншагъэм щехьэлIар, - къыхегъэщхьэхукI психолог Крапухинэ Людмилэ. - Зыгуэр къыкIэрыхуащ, и чэзум шэджагъуашхэ къикIыжакъым е техьэулеикIащ. - Аращ нэхъыбэр зытеухуар.

- Бзэгу зыхьхэм ахъшэ ирату щIадзэмэ, Урысейм къыщыхъункIэ хъунур уи нэгу къыщIэбгъэхьэну гугъущ. Хабзэгъэувхэм я щхьэхэр ящI зи автомашинэхэр тэмэму зымыгъэувыжа я гъунэгъухэм яхуэгъэзауэ бзэгу зыхь американхэм я дежкIэ. Щхьэтечу щIэпхъаджагъэ нэхъ инхэм я гугъу пщIымэ, илъэс 40 хъуауэ США-м щолажьэ мыпхуэдэ хабзэ: щIэпхъаджагъэм теухуа хъыбар «линие пщтырым» егъэащIэ хъунущ, ар пэжу къыщIэкIмэ, хэIущIыIу умыщIу, банкым сом мин 35-рэ хуэдиз къыпIэригъэхьэнущ. 2003 гъэм Харьков апхуэдэ хабзэр щагъэунэхуащ. Хъыбару яIэрыхьа 300-м я Iыхьэ щанитIыр пэжу къыщIэкIащ. АрщхьэкIэ ахъшэ къыIахыну банкхэм зыри екIуэлIакъым.

ТЕРЕНТЬЕВ Денис.
«Аргументы и факты»

• «Адыгэ унэм» Олимпиадэм и хьэщIэхэр ирегъэблагъэ

Адыгэ къафэр псоми яфIэдахэщ.

Мамхэгъ Маринэрэ Даут Сусанирэ сыт хуэдэ упщIэми хуэхьэзырт. *Сурэтхэр* **Ныбэ Анзор** *трихащ.*

• Мылъку

ДяпэкIэ шынэжынукъым

Мылъкур фIыуэ зылъагъу ди къулыкъущIэ нэмысыфIэхэр щIэгузэвэн дяпэкIэ щыIэжыну къыщIэкIынукъым. Коррупцэм пэщIэтынымкIэ законым мыгувэу хагъэкъэбзыкIыну къыщIэкIынущ абы и Iыхьэ нэхъыщхьэр - къэрал къулыкъущIэм хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкIыну хуит зымыщIыр.

КЪЭРАЛ Думэм япэ еджэгъуэкIэ къыщащтащ хабзэгъэув проект №305878-6-р Бжыгъэхэр къызэрыгуэкI хуэдэщ, арщхьэкIэ абыхэм щIахъумэ къэуэну хьэзыр лагъымыр. Щхьэтечу жыпIэмэ, «Коррупцэм пэщIэтыным и IуэхукIэ» Федеральнэ законым и 11-нэ, 12-3-нэ статьяхэм - къулыкъущIэхэр хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм хэтыну хуит зымыщIхэр - хагъэкI. Иджыри къэс ахэр хуабжьу гугъу ехьырт: я мылъкур я щыкъуанэхэм, я Iыхьлыхэм ей хуэдэу ирагъэтхырт.

Мы хабзэр къащтэу щытмэ, къулыкъущIэр хуит хъунущ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ иригъэкIуэкIыну. Паубыдынур зыщ: езым и къулыкъур и мылъкур игъэбэгъуэн папщIэ къимыгъэсэбэпыныршщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, иIыгъ къулыкъумрэ мылъкукIэ зэригъакIуэ Iуэхумрэ «зэлъэIэс хъунукъым».

«Аргументы недели».

• Китай

Апхуэдиз цIыху хуэгъэшхэну?

Китайм илъэс 11-кIэ щылэжьа сэ кууэ зыхэсщIащ цIыху нэхъыбэ дыдэ щыпсэу а къэралым и дежкIэ мы Iуэхур гугъу дыдэу зэрыщытыр.

АР, УЕБЛЭМЭ холъагъуэ къэпсэлъыкIэ къудейхэми. «Жэнькоу» псалъэр IыхьитIу зэхэтщ: «жэнь» (цIыху), «коу» (жьэ). Аращи, «КНР-м мы зэманым цIыху дапщэ щыпсэурэ?» упщIэр мыпхуэдэу мэIу: «КНР-м мы зэманым цIыхужьэ дапщэ щыпсэурэ?» жиIэу. Зэрытлъагъущи, дунейм цIыхуу тетым я Iыхьэ тхуанэр зыгъэшхэн хуей къэралым и дежкIэ «жьэ бжыгъэр» зыхуэдизыр къимылъытэнкIэ Iэмал иIэкъым. Абы щыгъуэми, и гъавэ щIапIэхэр зэрыхъур процентитI 7 къудейщ - дунейм и дэтхэнэ цIыхуми ику иту хуэзэм нэхърэ хуэдищкIэ нэхъ мащIэ.

КъэпсэлъыкIэм егъэщIылIа нэгъуэщI щапхъэ. «Дауэ ущыт?» е «Уузыншэм» сэлам хыкIэм я пIэкIэ китайхэм лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ къадогъуэгурыкIуэ «Уэ ушхакIэ?» псалъэхэр. Ерыскъыращ мылъкум и пщалъэ нэхъыщхьэ дыдэу къалъытэр. Iуэхур нэхъри ткIий ещI къэралым и цIыху бжыгъэми. Иужь илъэс 50-м КНР-м и цIыху бжыгъэм хуэдитIкIэ хэхъуащ. 50 гъэхэм я пэщIэдзэм сэ Пекин къистхыкIыу щытащ «цIыху мелуан 600-м щIигъу щыпсэу КНР-м» теухуа тхыгъэхэр. Иджы а бжыгъэр мелардрэ мелуан 300-м щхьэдэхащ.

Абы щыгъуэми, къэралым и гъавэщIапIэхэр зэрыхъур гектар мелуани 130-рэ къудейщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зы цIыхум хуэзэр сотыхи 10-щ. Зи гугъу тщIыри хадэхэракъым, атIэ гъавэ къыщрахьэлIэ щIыхэрщ. ЩIыдгъужынщ а щIы Iыхьэ тIэкIуми илъэс къэс зэрыхэщIыр.

Ар щхьэусыгъуэ зыбжанэм къыхокI.

1. Илъэс щэщIым щIигъуауэ къэралыр «зы унагъуэм - зы сабий» къыхуеджэныгъэм ткIийуэ щIэту псэуми, илъэс къэс КНР-м и цIыху бжыгъэм мелуани 10 къыхохъуэ.
2. Индустриализацэмрэ къалэхэр нэхъыбэ зэрыхъумрэ илъэс къэс гъавэщIапIэхэм гектар зы мелуан хагъэщI.
3. МэкъумэшыщIэхэм гуэдзымрэ прунжымрэ я пIэкIэ нэхъ хэхъуэшхуэ къэзыт къэкIыгъэхэр ящIэ.
4. Китайм и хьэсэ псоми я Iыхьэ щанэр илъэс къэс уэгъум еубыд е псыдзэхэм яхь.

ЗэхъуэкIыныгъэхэм я Iэужьхэр

КИТАЙ реформэхэм я ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэу щытыр факъырагъэм ерыщу зэребгъэрыкIуэфарщ. 70 гъэхэр къэсыху Китайм цIыху мелуан 250-рэ е дэтхэнэ еплIанэри щымэжалIэу щытамэ, иджы апхуэдэхэм я бжыгъэр зэрыхъужыр мелуан 26-рэщ (проценти 2). Ар къызыпэкIуар гъавэу нэхъыбэ кърахьэлIэ зэрыхъуарщ. ЦIыхубэ коммунэхэр зэрызэбграутIыпщыкIыу, щIыр къэзыгъэсэбэпхэр унагъуэ подрядым и хабзэм техьащ. Абы и фIыгъэкIэ гъавэу кърахьэлIэр тонн мелуан 300-м къикIри тонн мелуан 400-м нэсащ.

1985 гъэм Китайм гъавэу къыщрахьэлIащ дэтхэнэ цIыхуми килограмм 400 хуэзэу. Езым и тхыдэм щыяпэу КНР-м ерыскъыкIэ ирикъуу зыкъызэригъэпэщыжащ.

АрщхьэкIэ япэ тонн мелуанищэм китайхэм трагъэкIуэдар илъэситху къудейщ, гъавэр тонн мелуан 500-м нагъэсыным илъэс 15 ихьащ. Тонн мелард някъуэм щыщхьэдэхыфар XXI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэрщ.

ДяпэкIэ КНР-м гъавэкIэ зыкъызэригъэпэщыжыфыну? 2050 гъэм цIыху мелард 1,5-рэ щыпсэунумэ, къэралыр тонн мелуан 600 хуеинущ.

ЩIакхъуэм и закъуэкъым...

КИТАЙХЭМ ерыскъыр тIуащIэу зэхагъэкI: «фань», «цай» жыхуаIэу. Япэр дэ ди щIакхъуэм ещхь гуэрхэрщ. Ягъажьэхэм я мызакъуэу абыхэм хагъэхьэ прунж гъэвари, хъынкIэл хуэдэхэри. «Цайр» лыхэкIхэщ, хадэхэкIхэщ, н.къ.

ЦIыху къэс хуэзэу гъавэ килограмм 600 къамылэжьыфмэ, зыхущыщIэр лыкIэ, бдзэжьейкIэ, хадэхэкIхэмкIэ, пхъэщхьэмыщхьэхэмкIэ зэрахъуэкIын хуейщ.

Иужь илъэсхэм лыуэ, джэдыкIэу, бдзэжьейуэ яшхым зыкъомкIэ хэхъуащ. Лыуэ къалэжьым и куэдагъымкIэ Китайм дунейм япэ увыпIэр щиубыдащ. Ар апхуэдэу пашэщ Iэщ гъэхъуным къит хьерым хэгъэхъуэн и лъэныкъуэкIи.

Дэтхэнэ китайцми зы илъэсым ику иту хуозэ лы килограмм 42-рэ. Ар ику иту дунейм щынэхъ бжыгъэшхуэщ.

АрщхьэкIэ КНР-р адрей къэралхэм къакIэрохуу гъэшымкIэ - илъэсым зы цIыхум ику иту къылъысыр шэ килограмми 5 къудейщ. Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр Iэщышхуэхэм япэ кхъуэ гъэхъуныр зэрырагъэщырщ. Ар апхуэдэуи къыхокI хъупIэхэмрэ мэкъупIэхэмрэ къазэремэщIэкIми.

Жэм къашхэм я бжыгъэм, былымылу, мэлылу къалэжьым хагъэхъуэн мурадкIэ, Китайм иджы хуабжьу зыщеужь Iусыпхъэ зыгъэхьэзыр IэнатIэм. Абы и куэдагъымкIэ КНР-м дунейм ещанэ увыпIэр щиIыгъщ.

ЦIыху куэд дыдэ щыпсэу Китайм мэз и мащIэщ. Ауэ абы IэмалыфIхэр иIэщ тенджыз Iуфэхэмрэ псыежэххэмрэ бдзэжьей нэхъыбэ къыщаубыдыну. Абы щыгъуэми, къаубыдым къыдэкIуэу ягъэхъуми псынщIэ дыдэу хагъахъуэ.

Зэрытлъагъущи, прунжым и закъуэкъым зэрыпсэур. Ерыскъыхэр зэмылIэужьыгъуэ зэрыхъуам къыхэкIыу иджы китайцхэр зы илъэсым зыхуеижыр нэхъапэм хуэдэу килограмм 400-къым, атIэ 350-рэщ. Аращи, XXI лIэщIыгъуэм и зэхуэдитIым и цIыху бжыгъэр мелард 1,5-м нэсмэ, зыхуеину гъавэ тонн мелуан 525-р кърахьэлIэфынущ гугъущэ демыхьу.

Мы тхыгъэм къыщыдгъэлъэгъуа псори щыхьэт тохъуэ Китайр ерыскъыкIэ гугъу зэремыхьынум.

ОВЧИННИКОВ Всеволод.
«Российская газета»

• Телъыджэ

Илъэсым щIигъукIэ

Илъэс 37-рэ зи ныбжь бдзэжьеящэ Альваренгэ Хосе къыщыщIам дуней псор топсэлъыхь. Ар уи фIэщ пщIыну хуабжьу гугъущ: цIыхухъур зы илъэсым щIигъукIэ кхъуафэжьей цIыкIум ису хым тетащ! Ар дауэ?

ПСОРИ къызэрекIуэкIар зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэтIуэтэжынщ, Голливуд и режиссёрым къэхъуар ди нэгу къызэрыщIигъэувэжынум хуэдэу. Абы апхуэдэ фильм зэрытрихынум шэч хэлъкъым, къэхъуар акъылым къыпхуигъэтIасэркъым.

Чэфыжьыпкъэу псым техьат

Ди газетым тетащ 2012 гъэм кIуэда бдзэжьеящэр зэрыс кхъуафэжьейр Маршалл хытIыгухэм я Iуфэм мы илъэсым и пэщIэдзэм къызэрыIухутам теухуа хъыбарыр.

Апхуэдэ гъуэгуанэ кIыхьым Хосе техьащ чэфыжьыпкъэу. Ар фадэм хуэнэхъуеиншэт. Абы и зэранкIэ илъэс 13 и пэкIэ ибгынэн хуей хъуащ щалъхуа Сальвадорыр. «ЗэпымыуууэефэртикIи хьэулейрт, езым хуэдэхэм я гъусэу. А зи гъусэу ефэхэм зэгуэр ар фIыуэ къаубэрэжьащ. Псоми я гугъэт къемылыну. Ауэ тхьэмахуитI фIэкIа сымаджэщым щIэмылъу къызэфIэувэжащ», - ягу къагъэкIыж и гъунэгъуу щытахэм.

И сэбэп къекIагъэнущ Сальвадорым щекIуэкIа граждан зауэм и щIалэгъуэм зэрыхэтар. ИлъэсипщIыкIэ зыхуигъэсащ и щIалэгъуэм зэуэным, ерыскъыншэу икIи псыншэу гугъу дыдэ ехьу псэуным. Абы щесащ Iэ пцIанэкIэ шылъэгу къиубыдурэ, псым и пIэкIэ абыхэм я лъыр ирифу.

- Абы хыри къытекIуэфынутэкъым, апхуэдизу бэшэчщи, - ар къызэрелар къыщищIэм, дыхьэшхащ и ныбжьэгъухэм ящыщ зы.

КхъуэкIэ зэджэжырт

Сымаджэщым къыщIэкIыжа иужь Хосе къищIащ и ныбжьэгъухэм ящыщ зым абы илъ зэрищIэжар: къэзыубэрэжьауэ щытахэм ящыщ зы иукIащ. ЩIалэм къыгурыIуащ ар къызэрыхуамыгъэгъунур икIи къызэрещэкIуэнур. Сабий зи Iэблэм тес и фызыр къигъанэри, нэгъуэщI къэрал Iэпхъуащ. Мексикэм щыщ Коста-Азуль (испаныбзэкIэ «Iуфэ щIыху») къуажэ цIыкIум дэсащ, пхъанкIэу, хьэлъэзехьэу. Ауэ нэхъ щымэжалIэ дыдэми, нэжэгужэт, ныбэкът. Абы къыхэкIыу езым Кхъуэ цIэ лейр зыфIищыжат.

2012 гъэм щэкIуэгъуэм и 17-м и пщэдджыжьым хым зигъэхьэзыр хуэдэтэкъым къэукъубеину е чэфыжьыпкъэм апхуэдэу къыфIэщIа, сытми бдзэжьей ещэну мурад ищIащ. Ауэ уи закъуэ улэжьэну зэшыгъуэти, Хосе гъусэ ищIащ щIыпIэм щыщ щIалэ - Кордобэ Иезекиль. Хъыр хадзэну хунэмысу толъкъунхэр зэщIэхъеящ. Мотор зэрыт кхъуафэжьей цIыкIур Iуфэм жыжьэу Iуихащ. ИужькIэ зэрыжаIэжамкIэ, а махуэм хым техьа кхъуафэжьейхэм ящыщу зыми къигъэзэжакъым.

Толъкъуныр къызэрыукъубеям хуэдэу псынщIэ дыдэу бзэхыжащ. Ауэ Альваренгэрэ Кордобэрэ зэрыс кхъуафэжьейм и моторыр къутат. Компаси, псы зэрыщIатхъун бэлагъи, ерыскъыи яIэтэкъым.

АдэкIэ къэхъуар Хосе къиIуэтэжыркъым е ищIэжыркъым. Дунейм и газет псоми ятхахэр зэщхьщ: бдзэжьей цIынэрэ хы тхьэрыкъуэрэ ишхащ. Кхъуафэжьейм къунтх куэду илът, хы тхьэрыкъуэхэри мащIэтэкъым.

Хы тхьэрыкъуэр хым IэмалитIкIэ къыщаубыд: бдзэжьей зыфIагъэтIысхьа къунтхкIэ е лIауэ фэ зытрагъауэри. Хосе а зэман псом ирифар уэшхыпсщ е шылъэгум илъщ.

МазиплI нэхъ дэмыкIыу Иезекиль лIати, Хосе абы и хьэдэр псым хидзащ. АрщхьэкIэ зи ныбэр къежьа Альваренгэ щалъагъукIэ, ар куэдым я фIэщ хъуркъым. АрщхьэкIэ Хосе нэгъуэщI зыри къригъэIуэтэфыркъым. Махуэ 469-р абы и дежкIэ лIэщIыгъуэ хъуащ. Хым фIэкIа зыри илъэгъуакъым - кхъухьи хытIыгуи. Хыри ину къэукъубеякъым. Абы щыхьэт тохъуэ IэщIагъэлIхэр: бдзэжьеящэр здэщыIамкIэ тайфун, торнадо къыщыхъуакъым. Илъэс 500 и пэкIэ а щIыпIэмкIэ пхыкIащ Магеллан Фернан цIэрыIуэр. МазиплIым къриубыдэу абы зэи илъэгъуакъым хыр къэукъубеяуэ. Аращ Щэху щIыфIищар.

ПРОСКУРЯКОВ Евгений.
«Комсомольская правда»

Фырэ Руслан и псалъэ. Абы йодаIуэ Взрокъуэ Владимир, ТхьэкIумашэ Михаил, Созаев Ахъмэт сымэ.

Адыгэ скульптор цIэрыIуэ

• Щэнхабзэ

Налшык и уэрамхэрами, нэгъуэщI къалэ, къуажэ гуэрым удыхьауэ щытми, япэу гулъытэ зыхуэпщIхэм ящыщщ фэеплъхэр. Лъэпкъым и лIыгъэри гупсысэри зыхэлъ апхуэдэ фэеплъхэр тхыдэм и гъуджэщ, блэкIамрэ къэкIуэнумрэ зэпызыщIэщ. Ди лIыхъужь нэсхэр щIэблэм яцIыхуным теухуауэ абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэрщ зи гугъу тщIыр. Ди республикэм иIэщ зауэлIхэм, еджагъэшхуэхэм, тхакIуэхэм, усакIуэхэм хуагъэува фэеплъ 600-м нэблагъэ. Шэч хэлъкъым ахэр зи Iэдакъэщ IэкIхэм гъащIэм и купщIэр къыбгурызыгъаIуэ лэжьыгъэ зэрырагъэкIуэкIым.

АПХУЭДЭЩ зи цIэр гуапэу сыт щыгъуи къитIуэ скульптор, РСФСР-м щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат ТхьэкIумашэ Михаил. Джылахъстэнейм щыщ IэпщIэлъапщIэр жылагъуэ Iуэхухэми емызэшыжу пэрытащ: КъБАССР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щытащ, РСФСР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм, СурэтыщIхэм я урысей творческэ организацэм и комитетым хэтащ.

СурэтыщI гъуазджэм Къэбэрдей-Балъкъэрым фIыуэ зыщиужьыным и гуащIэ хилъхьащ ТхьэкIумашэм. Михаил и зэфIэкIым пщIэ зэрыхуащIыр, зыхунэсахэр зэрагъэлъапIэр къыхагъэщу Щэнхабзэмкlэ фондым и унэм иджыблагъэ зэхуэс дахэ щекIуэкIащ. Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлIа фэеплъхэр зыхъумэ Урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм абы утыку къыщрихьащ ТхьэкIумащIэ Михаил теухуауэ искусствовед, журналист Аппаевэ Жаухар къыдигъэкIа «Зрелость мастера» тхылъыр. Абы ихуащ Михаил и лэжьыгъэ нэхъ инхэм я сурэтхэмрэ ахэр дунейм къызэрытехьам, скульпторыр абыхэм зэрелэжьа щIыкIэм ятеухуа тхыгъэ кIэщIхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и лэжьакIуэ нэхъ пажэу щыта куэдым я скульптурэхэр Михаил ищIащ. Абыхэм ящыщщ Фэнзий Мэжид, ПащIэ Бэчмырзэ, КIыщокъуэ Алим, ЩоджэнцIыкIу Алий, КъардэнгъущI Зырамыку, Кулиев Къайсын, Мечиев Кязим, КIуащ БетIал, Темыркъан Юрэ сымэ.

ЦIыхубэм «ТхьэкIумашэм и шыр» зыфIища скульптурэр 115-нэ шууей дивизэм хэтахэм я фэеплъщ. Къамэ иIыгъыу танкхэмрэ топышэхэмрэ япэщIэува зы шуей псэемыблэжым и теплъэмкIэ Михаил хузэфIэкIащ лIыгъэрэ хахуагъэу ди щIалэхэм а зэман гугъум яхэлъар къигъэлъэгъуэн. Пэжуи, шы зызыIэтам и къаруурфIагъымрэ лъэпкъ фащэкIэ хуэпа зауэлI лъэщымрэ уи гур ягъэпIейтей.

Мынэхъ мащIэ мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэщ ТхьэкIумашэ Михаил ищIа нэгъуэщI зы скульптурэри - ар Бахъсэн ипщэкIэ щагъэува фэеплъырщ, Iуащхьэмахуэ бгым япэ дыдэу дэкIа адыгэлI Хьэшыр Чылар ейуэ. Сурэт куэдей къызыщIэмына лIыхъужьым и теплъэр хуэгъэфэщауэ зэращIым тету ар скульпторым иухуауэ аращ. ТхьэкIумашэм ар дегъэлъагъу шыIэ зыхэлъ цIыху зэпIэзэрыту, адыгэ фащэр щыгъщ, абы башлъыкъыр телъщ, хъурыфэ пыIэри щхьэрыгъыжщ. Къуршхэр къэзыгъэIурыщIэфхэм бгым дэкIа иужь ядэтлъагъу пIейтеигъэм хуэдэ Чылар деж щытлъагъуркъым: ар уардэщ, Iуэху къызэрыгуэкI гуэр къызэринэкIауэ фIэкIа умыщIэну, Iэдэбщ, езэшаифи теткъым.

1980 гъэхэм я кIэхэм, ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэс 90 щрикъунум нэхъ ипэIуэкIэ, республикэм и унафэщIхэм къызэрагъэпэщат тхакIуэм и фэеплъ нэхъыфIу зыщIыфынухэм я зэпеуэр. АрщхьэкIэ а къалэным зрипщытыну зыри епIэщIэкIыртэкъым. ТхьэкIумашэ Михаил и закъуэщ фэеплъыр иухуэну мурад зыщIар. Скульптурэм елэжьыным илъэситIым нэблагъэ текIуэдагъэнщ. Лэжьыгъэр зэрекIуэкIым зэпымыууэ кIэлъыплъат КПСС-м и обкомым и бюром хэтхэр, икIэм-икIэжым, комиссэр ТхьэкIумашэм зэмыщхьу ищIа скульптурэ зыбжанэм хэплъэжри, зым арэзы техъуат. Иджы ар Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и гупэм деж щытщ.

КIыщокъуэ Алим и фэеплъыр, усэ тхылъ цIыкIур IэщIэлъу къэгъэлъэгъуар, налшыкдэсхэми хьэщIэхэми а тхакIуэшхуэр ящызымыгъэгъупщэщ, махуэ къэс зыIуплъэу и усэ купщIафIэхэр ягу къэзыгъэкIыжщ. Къапщтэмэ, апхуэдэ мыхьэнэ яIэу ТхьэкIумашэм и Iэдакъэ къыщIэкIар бжыгъэншэщ. Хэкум и хъумакIуэхэм папщIэ абы ищIа фэеплъхэр республикэм и къуажэхэм дэтщ, цIыхум зэрыхуэсакъын хуейм хуэдэ дыдэу абыхэм жылэдэсхэр кIэлъоплъ.

Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлIа фэеплъхэр зыхъумэ Урысейпсо зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Созаев Ахъмэт иригъэкIуэкIа зэхыхьэм зи гугъу тщIы скульптор Iэзэри къырагъэблэгъат. Абы и хьэщIэ лъапIэт гъуазджэм, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэри. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Фырэ Руслан къыхигъэщащ фэеплъхэмрэ тхылъхэмрэ тхыдэм и Iыхьэфlу зэрыщытыр, ТхьэкIумашэм лъэпкъым хуищIэм уасэ зэримыIэр. КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс жиIащ тхакIуэхэм я фэеплъхэм ущыIуплъэкIэ, литературэр уи нэгу къызэрыщIагъэувэр, зауэлIхэм ейм тхыдэ псо къызэрыпхуаIуатэр, дэтхэнэми ди гъащIэм мыхьэнэшхуэ зэрыщагъэзащIэр. Зэхуэсым къырихьэлIа псори ТхьэкIумашэ Михаил ехъуэхъуащ узыншэу псэуну, зыщIэхъуэпс лэжьыгъэхэр къехъулIауэ тлъагъуну.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*



ЩоджэнцIыкIу Алий

Хьэшыр Чылар

115-нэ шуудей дивизэм и фэеплъыр

• Щапхъэ

Дунейр къэкIухьи, уи Хэку къэгъэзэж

ЩIэныгъэм и гъуэгум техьа цIыхум и гъащIэр Iуэхугъуэ щIэщыгъуэхэмкIэ гъэнщIащ. Апхуэдэр дунейми гъащIэми нэхъ щIэхыу хозагъэ, и Iуэху еплъыкIэри зэфIоувэ. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ зи гугъу фхуэтщIынур.

НЫБЖЬКIЭ щIалэу щIэныгъэм гупыж хуэзыщIахэм ящыщщ Нартан къуажэ дэт курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым ФилологиемкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэр диплом плъыжькIэ къэзыуха Мэремыкъуэ Элеонорэ. Пщащэм КъБКъУ-м и аспирантурэр къиухащ, и кандидат диссертацэр пхигъэкIащ, Инджылызым и къалащхьэ Лондон магистратурэм щыщеджэри, гуманитар къэхутэныгъэхэм я магистр хъуауэ хэкум къигъэзэжащ.

- Школым сызэрыщIэсрэ нэхъыфI дыдэу слъагъур бзэхэрт - адыгэбзэр, урысыбзэр, инджылызыбзэр, - жеIэ пщащэм. - Бзэхэм яхуэсщI гулъытэм сыхуишащ КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым - абы экзамен сымыту, школхэм ирагъэкIуэкIа республикэ олимпиадэм кърикIуахэм япкъ иткIэ сыщIэхуауэ щытащ. ИужькIэ Лондон сызэрыщеджари, дауи, бзэхэр джыным сызэрыдихьэхым куэдкIэ и фIыщIэщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, уи зэфIэкIым хэбгъэхъуэн папщIэ уиIэн хуейщ тэмэму уезыгъэджэнрэ чэнджэщэгъу къыпхуэхъунрэ. Элеонорэ гъащIэ егъэджакIуи университет егъэджакIуи къыхуэхъуащ КъБКъУ-м и профессор Тау Хьэзешэ.

- Адыгэбзэ къудамэм сыщIэсыху, чэнджэщэгъуу сиIащ Тау Хьэзешэ. ЩIэныгъэм теухуауэ сыт хуэдэ упщIэкIи зыхуэзгъазэрт - сщIэрт абы и деж жэуап зэрыщызгъуэтынур. Си диплом, кандидат лэжьыгъэхэр нэхъ купщIафIэ, мыхьэнэ нэхъ иIэ хъуынымкIи ар къыздэIэпыкъуащ, щIэныгъэ унафэщI схуэхъуати.

Зи Хэкурэ зи лъэпкърэ пщIэ хуэзыщI ныбжьыщIэр щIэныгъэм зэрыхыхьар и анэдэлъхубзэмкIэщ. Аращ псом япэ игъэщыпхъэу къилъытар. ИужькIэ инджылызыбзэм гъэщIэгъуэну хэлъхэми кIэлъыплъыну Iэмал зригъэгъуэтащ.

- Еджэным и гугъу пщIымэ, икъукIэ гъэщIэгъуэну къызгъэпэщат - семинархэр, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр куэду зэрыхэтым щIэныгъэм хэгъэхъуэным удримыгъэхьэхыу къанэртэкъым. ЕхъулIэныгъэ уиIэу уеджэнымкIэ сэбэп хъурт егъэджакIуэхэм я Iэзагъыр, уи упщIэхэм жэуап къратыну, дэIэпыкъуэгъу къыпхуэхъуну зэрыхьэзырыр, жэщми махуэми лажьэ икIи нэхъ иужьрей дыдэ техникэхэмкIэ къызэгъэпэща библиотекэр, езы университетым и корпусым сызэрыщыпсэуар. Шэч хэмылъу, курс лэжьыгъэхэр, презентацэхэр, езы магистр лэжьыгъэр щIэныгъэ стилым ит инджылызыбзэкIэ бгъэхьэзырыныр Iуэху къызэрыгуэкIтэкъым, узэгугъун хуейт, узымыгъэжейт, ауэ абы сэбэп къысхуэхъун куэдым сыхуигъэсащ: зэманыр зэгъэзэхуэным, шыIэныгъэ пхэлъын зэрыхуейм, нэхъыщхьэжращи, уи лэжьыгъэр пфIэгъэщIэгъуэну зэрыщытыпхъэм.

Еджэным къыщыдэхуэм Лондон къалэм гу щихуэну, Инджылызым и щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэм зыщиплъыхьыну хунэсащ Мэремыкъуэхэ я хъыджэбзыр.

- Великобританием сыщыIэху, инджылыз лъэпкъымкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр си нэгу щIэкIащ: пащтыхь гуащэм и къуэрылъху Уильямрэ Кейт Миддлтонрэ я хьэгъуэлIыгъуэр, Елизаветэ II пащтыхьыгъуэр зэриIыгърэ илъэс 60 зэрырикъум теухуа махуэшхуэр. Инджылыз актёр Рэдклифф Дэниел, Гарри Поттеру джэгуам, и IэщIэдзыр зыIэрызгъэхьащ, инджылыз тхакIуэ цIэрыIуэ Шекспир Уильям (КъБКъУ-м хамэ къэрал литературэмкIэ дыщезыгъэджа Къэжэр Хьэмид зэрыжиIауэ, «Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ Уильям») къыщалъхуа Стратфорд-Эйвоне къалэми сыщыIащ.

Абы нэмыщIкIэ, университетым хамэ къэрал студентхэм ядэлажьэ и офисым щIэх-щIэхыурэ къызэригъэпэщурэ, Инджылызым и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ щIыпIэ зэгъэлъагъупхъэхэмрэ зыплъыхьакIуэ дигъакIуэрт. Апхуэдэу сэ сыщыIащ Хэмптон Корт уардэунэм, Уиндзор быдапIэм, Оксфорд, Кембридж, нэгъуэщIхэми. Зыгъэпсэхугъуэ зэманым къриубыдэу Европэм и къалэхэу Париж, Рим, Барселонэ сыкIуэнуи къызэхъулIащ.

А псори щIэщыгъуэщ, ауэ хэкум ущыпэжыжьэм и деж абы хуиуIэ лъагъуныгъэр нэсу зыхэпщIэу къыщIэкIынущ. Псалъэм папщIэ, лъэпкъ щэнхабзэм сыщыхуэзэшкIэ, Кавказ къэфакIуэ гупхэм я видеоклипхэм сеплъын сфIэфIт.

Езы инджылызхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я хэкур фIыуэ зэралъагъур щапхъэ зытепх хъун хуэдэщ: тхыдэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр, махуэшхуэ щхьэхуэхэр щагъэлъапIэкIэ, цIыхухэм сыхьэт зытIущ япэ иту увыпIэ, тIысыпIэхэр зрагъэгъуэт, дунейр щIыIэми, лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм жыджэру хэтщ, я унэхэр, цIыху кIуапэхэр лъэпкъ бэракъымкIэ ягъэщIэращIэ. Абы куэдкIэ цIыхур зэпэгъунэгъу, зэкъуэт ещI.

Хамэ къэралым щIэныгъэ щызригъэгъуэтри, мурадыфIхэр иIэу Элеонорэ къэкIуэжащ.

- Иджы зэман лъандэрэ Великобританием и щIэныгъэм пщIэ иIэщ икIи къэрал куэдым щыщхэм абы щIэныгъэ щызрагъэгъуэт. Сэ сызэрепльымкIэ, цIыхум и дуней еплъыкIэр зэтеувэнымкIэ, абы зиужьынымкIэ зэгъэпщэныгъэм и мыхьэнэр инщ. Зэгъэпщэныгъэрщ фIыри IейрикъэзыгъэнахуэркIэ. Хамэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа студентхэр къызэрызедеджам и фIыщIэкIэ, щэнхабзэ зэтемыхуэхэм я къулеягъым нэIуасэ зыхуэсщIауэ сыкъэкIуэжащ икIи зэзгъэгъуэта щIэныгъэри си къару псори есхьэлIэнущ ди республикэм схузэфIэкIымкIэ сэбэп сыщыхъуным.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

• Узыншагъэ

Дохутырхэр къомэщIэкI

Iуащхьэмахуэ район сымаджэщым иджыблагъэ щекIуэкIащ щIыналъэм ит медицинэ IуэхущIапIэхэр лэжьыгъэм зэрехъулIэр къыщапщытэ зэIущIэ.

РАЙОН сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Атмурзаев Махъты** къыхигъэщащ щIыналъэм узыншагъэр хъумэн и IэнатIэр IэщIагъэлIхэмкIэ ирикъуу къызэрызэмыгъэпэщар. Апхуэдэу узыфэ щхьэхуэхэм еIэзэ дохутыру районым щыIэр зыхуейм и процент 59-рэщ зэрыхъур. IуэхущIапIэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр щIэзыгъэбыдэр федеральнэ программэхэмрэ хьэрычэтыщIэ дэIэпыкъуныгъэхэмрэщ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Шэт Ирмэ** жиIащ 2013 гъэм цIыхухэм я узыншагъэр къэпщытэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа Iуэхухэр Iуащхьэмахуэ районым тэмэму зэрыщызэфIахар, абы къыдэкIуэуи гу лъаригъэтащ сымаджэхэм папщIэ щыIэ гъуэлъыпIэхэр нэхъ тэмэму къагъэсэбэпын, абыхэм хуатх хущхъуэхэм ткIийуэ кIэлъыплъын зэрыхуейр.

Къуажэ амбулаторэхэмрэ фельдшер-акушер пункт-хэмрэ щылажьэхэр жылэм дэсхэм япыщIауэ, унагъуэхэр къакIухьурэ дэтхэнэми и Iуэху зыIутыр зрагъащIэу, пIэхэнэ сымаджэхэр ткIийуэ я нэIэм щIэту я Iуэхур зэтраублауэ щытын хуейщ.

ЗэIущIэм и гугъу щащIащ Эльбрус къуажэм дэт участкэ сымаджэщым щыIэ гугъуехьхэми. Сымаджэщым и унэр зэгъэпэщыжын хуейщ. Апхуэдэу щIыпIэм и дохутырхэм къызэралъытэмкIэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэ» IэнатIэм адэкIи зегъэужьын хуейщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ гъэмахуэ, щIымахуэ лъэхъэнэхэм абы зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэр нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкIыу, IуэхущIапIэм и къалэнми фIыуэ хохъуэ.

Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ щIыналъэ фондым и унафэщIым и къуэдзэ **Полупановэ Галинэ** къыхигъэщащ дэтхэнэ зы медицинэ IуэхущIапIэми абы цIыхухэм щагъуэтыну Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм, абы щекIуэкI лэжьыгъэм ухэзыгъэгъуазэ хъыбархэр къыщыпщIэфын тхылъхэр пэIущIэ пэшым и блынхэм фIэлъын зэрыхуейр.

ТАРИМ Алисэ.

• Зэпеуэ

Зыужьыныгъэм теухуа эссе

«ПОЛИТИКЭМ пашэ ущыхъуным и еджапIэ» проектым ипкъ иткIэ, «Урысей зэкъуэтым» и «ЩIэблэщIэ гвардие» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Студентхэм я Урысейпсо зэгухьэныгъэр, МКъУ-м ПолитологиемкIэ и факультетыр, ЩIыпIэ самоуправленэм и урысейпсо советыр и щIэгъэкъуэну зэпеуэ къызэрегъэпэщ. Ар теухуащ Урысейм и земскэ реформэр (щIыналъэ IуэхущIапIэхэр къызэгъэпэщыныр) илъэси 150-рэ зэрырикъум икIи абы ехьэлIауэ эссе зэхэлъхьэн хуейуэ аращ.

Лэжьыгъэхэр ятеухуауэ щытынущ Урысейм щIыпIэ самоуправленэхэр къыщызэгъэпэщыным епха Iуэху зэIумыбзхэм, къалэ управленэм и лэжьыгъэр зэрегъэфIэкIуапхъэм, щIэныгъэлI, IэщIагъэлI нэхъыфIхэр уи чэнджэщэгъуу щIыпIэ самоуправленэм зэрызебгъэужь хъуну Iэмалхэм.

Зэпеуэм къыдогъэблагъэ студентхэр, аспирантхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэхуэмыдэхэм хэтхэр.

Зэхьэзэхуэм нэхъыфIу къыщалъытэ лэжьыгъи 10-р зыгъэхьэзырахэр ирагъэблэгъэнущ Урысейм и щIыпIэ самоуправленэм и Iуэхухэр егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыпхъэхэм ятеухуауэ Москва къыщызэрагъэпэщыну «стIол хъурейм». ФIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ къищынэмыщIа, зэпеуэм щытекIуэхэм Iэмал ягъуэтынущ я тхыгъэхэр «Урысей зэкъуэтым» и «ЩIэблэщIэ гвардием» и электрон хэщIапIэм щагъэлъэгъуэну.

Мы зэхьэзэхуэм ирагъэхь лэжьыгъэхэр урысыбзэкIэ тхауэ щытыпхъэщ. КомпьютеркIэ къэщыпа напэкIуэцIи 4 - 6 хуэдиз эссехэм (шрифтыр Times New Roman лIэужьыгъуэу, кегль 14 хъууэ, сатырхэр 1,5-кIэ зэкIэщIэхауэ) презентацэ е гуэдзэн гуэр ягъусэми хъунущ.

Лэжьыгъэхэр зэпеуэм ебгъэхь хъунущ 2014 гъэм гъатхэпэм и 3 пщIондэ. Ахэр ильхьэн хуейщ konkursessay@mger2020.ru электрон хэщIапIэм. Эссе зэпеуэм теухуа хъыбар нэхъыбэ къыщыбгъуэтынущ (http://mger2020.ru/ konkursessay) сайтым.

«Урысей зэкъуэтым» и «ЩIэблэщIэ гвардие» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и фондым щагъэлъэпIащ куржыхэм я «Риони» лъэпкъ щэнхабзэ центрыр республикэм къызэрыщызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур.

КУРЖЫХЭМ ехъуэхъуну пшыхьым зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Парламентым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, республикэм и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, дин IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр.

«Риони»-м и унафэщI Лобжанидзе Анзор къыхигъэщащ куржыхэр адрей хэхэсхэм нэхърэ республикэм зэрыщынэхъыбэр, илъэси 120-рэ и пэкIэ ахэр куэду Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыIэпхъуэрэ мы щIыналъэр зей лъэпкъхэм ныбжьэгъу зэрахуэхъуар. Я центрым и лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэм лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр щыгъэбыдэным хуэунэтIауэ дяпэкIи зэрыщытынури жиIащ.

«Риони» центрым и лэжьыгъэр зытеухуар лъэпкъ щэнхабзэр, бзэр, хабзэр хъумэнырщ, абыхэм нэгъуэщIхэр щыгъэгъуэзэнырщ, щIэблэм зегъэузэщIынырщ.

ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.

• Футбол

Тыркум трагъазэ

КъэкIуэжри, махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм Тыркум трагъэзащ. Аращ щекIуэкIынур етIуанэ, кIэух, зыгъэсэгъуэр.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫМ» и тренерхэм иджы Тыркум здашащ футболист 26-рэ. Ахэр гъатхэпэм и 5 пщIондэ абы щыIэнущ икIи мыгувэу щIэзыдзэж Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзырынущ.

Ди щIалэхэм зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ Къэзахъстаным и «Астана» командэм вэсэмахуэ драгъэкIуэкIащ. Джэгум и пэщIэдзэм Панюков Андрей щхьэкIэ дигъэкIа топ закъуэм «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэр 1:0-у къыхуихьащ. АдэкIи налшыкдэсхэм я тепщэныгъэкIэ зэIущIэр екIуэкIащ. Пэжщ, ди гъуащхьэтет Цыган Николаи лэжьыгъэншэ хъуакъым - абы мызэмытIэу ди командэр къригъэлащ.

Къэзахъстаным и вице-чемпионым текIуахэм яхэтащ Цыган, Абазэр (Мэкъуауэр), Сусловыр, Костиныр (Джудович), Джикие, Киреевыр (Рухаиа), Щэуейр (Галиныр), Рябокобыленкэ (Чуперкэ), Султоновыр (Чхапелие), Бажэр (Сирадзе), Панюковыр (Болэр).

«Спартак-Налшыкым» иджыри зы зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ Тыркум щригъэкIуэкIыну и мурадщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Зыхагъэхьэну хуит ящI

Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм «Спартак-Налшыкыр» вэсэмахуэ хуит ищIащ нэгъуэщIхэр зыхигъэхьэну. Ар къыпаубыдауэ щытащ сом мелуан 11 зэрырамытыжам къыхэкIыу Чеботару Евгений и агентыр зэрытхьэусыхам.

ДИ КОМАНДЭМ и унафэщIхэм зэраубзыхуамкIэ, мыгувэу цIыху 11 зэхагъэхьэнущ. Абыхэм ящыщщ бэджэнду «Краснодар»-мрэ Мэзкуу и «Динамо»-мрэ къыIаха гъуащхьауэхэу Болэ Руслан-рэ Панюков Андрейрэ. КъищынэмыщIауэ, пIалъэ кIэщIкIэ Мэзкуу и «Локомотив-2»-мрэ Пермь и «Амкар»-мрэ къраш гъуащхьэхъумэ Джикие Георгиийрэ гъуащхьэхъумэныкъуэ Рябокобыленкэ Артуррэ.

Зэхагъэхьэну я мурадщ Пензэ и «Зенит»-м иужьрей лъэхъэнэм щыджэгуахэу ди лъахэгъу гъуащхьауэ Бажэ Амиррэ Зинович Дмитрийрэ, «Краснодар»-м хэтахэу Чхапелие Никэрэ Чуперкэ Валерийрэ, Санкт-Петербург и «Динамо»-м къикIа Костин Сергей, «Локомотив-2»-м и гъуащхьауэ Султонов Мухьэммэд. Абыхэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIэну ягъэхьэзыр.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэм гъатхэпэм и 9-м пищэжынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» къригъэблэгъэнущ Хабаровск и «СКА-Энергия»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Красножанрэ Къумыкъумрэ Къэзахъстаным и гуп къыхэхар ягъасэ

«Спартак-Налшыкым» я тренер нэхъыщхьэхэу зэман зэмылIэужьыгъуэхэм щыта Къумыкъу Викторрэ Красножан Юрэрэ Къэзахъстаным футболымкIэ и командэ къыхэхар Европэм и чемпионатым хуагъэхьэзырынущ.

КЪЭЗАХЪСТАНЫМ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу Красножан Юрэ иджыблагъэ ягъэуващ. Абы къыдэIэпыкъунухэм щыхэплъэм, Къумыкъу Виктор нэхъыфI зэрыщымыIэр къагурыIуащ. Япэрауэ, тIури зы щIыпIэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым - къыщалъхуащ, щапIащ, топ джэгуным зыщыхуагъэсащ, зы командэм хэтащ икIи и тренеру щытащ. КъищынэмыщIауэ, илъэс етIуанэ хъуауэ Къумыкъу Виктор Къэзахъстаным и тренер нэхъыфIу IэщIагъэлIхэм къалъытэ. Ар къыхэкIащ абы и унафэм щIэт Караганда и «Шахтёр»-р тIэунейрэ къэралым и чемпион зэрыхъуамрэ Чемпионхэм я лигэмрэ Европэм и лигэмрэ, зэи къэмыхъуауэ, нэгъабэ зэрыхэтамрэ.

Къэзахъстаным и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу ягъэувыну нэхъ зыщIэхъуэпсыр Къумыкъу Викторт. АрщхьэкIэ а къулыкъур къыхихамэ, абы «Шахтёр»-р ибгынэн хуейти, арэзы хъуакъым. Иджы Къумыкъур къэралым и гуп къыхэхам и тренер нэхъыжьу щытынущ, Карагандаи щылэжьэнущ.

Красножан Юрэрэ Къумыкъу Викторрэ къалэн гугъу къазэрыпэщылъым шэч хэлъкъым. Абыхэм я гъэсэнхэм хьэрхуэрэгъу къахуэхъуащ Голландиер, Чехиер, Тыркур, Латвиер, Исландиер. Зыхэхуа «А» гупым къыхэкIын папщIэ, япэ увыпIитIым языхэзыр зыIэрагъэхьэн хуейщ. А зэпеуэхэм щIадзэн и пэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIынущ. Япэу ди щIалэхэм я гъэсэнхэр утыку кърашэнущ гъатхэпэм и 5-м. А махуэм Къэзахъстаныр Литвам и командэ къыхэхам IущIэнущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Къэзахъстаным и командэ къыхэхам нэхъапэм щыджэгуащ ди лъахэгъухэу Узденов Романрэ Джатэрывэ Къазбэчрэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(1, 4-нэ нап.),* Мырзэкъан ФатIимэ *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 4.766 • Заказ №381